O`zbekstan Respublikasi Xaliq bilimlendiriw ministrligi

A`jiniyaz atindag`i No`kis ma`mleketlik pedagogikaliq instituti

Qaraqalpaq til bilimi kafedrasi

Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyati fakul`tetinin`
pitkeriwshisi Allabaeva Zamira Yerkinbaevna

Tema: Naqil-maqallarda antonimlerdin` qollaniliwi

# PITKERIW QA`NIGELIK JUMISI

Ilimiy basshi: f.i.k. Yusupova B.

No`kis – 2014

Jaqlawg`a ruxsat berildi

Fakul`tet dekani f.i.k. B.Dilanov

Kafedra baslig`i f.i.k.doc O.Sayımbetov

Ilimiy basshi f.i.k. B.Yusupova

Tema: **Naqil-maqallarda antonimlerdin` qollaniliwi**

**Pitkeriw qa`nigelik jumisin orinlawshi**: **Allabaeva Zamira**

**Ma`mleketlik attestatsiya komissiyasinin` qarari:** «Naqil-maqallarda antonimlerdin` qollaniliwi» degen temadag`i pitkeriw qa`nigelik jumisina «________ » bahasi qoyilsin.

MAK baslig`i______________________________

MAK ag`zalari______________________________

# Jobasi

Jumisin` uliwma sipatlamasi

Kirisiw

I Bap  Naqıl-maqallarda atawısh so`z shaqapları antonimiyası

1. Antonim atlıqlar
2. Antonim  kelbetlikler
3. Antonim ra`wishler

II Bap Naqil-maqallarda feyil ha`m predikativ so`zler antonimiyası

1. Antonim feyiller
2. Bar, joq so`zleri  (predikativler) antonimiyası

Juwmaq

Paydalanilg`an a`debiyatlar

## Jumistin` uliwma sipatlamasi

**Temanin` aktual`lig`i:** Qaraqalpaq til biliminde ko`rkem a`debiyat stilistikasina qatnasli og`ada az u`yrenilip kiyatirg`an ma`selelerdin` biri antonimler naqil-maqallar tiykarinda izertlendi.

**Jumistin` maqseti ha`m waziypalari**: Maqseti **–** naqil-maqallar tiline leksika-semantikaliq jaqtan tallaw jasaw. Waziypasi **–** onin` leksikasindag`i antognimler so`zlerdi aniqlaw**.**

**Jumistin` teoriyaliq ha`m a`meliy a`hmiyeti:** Naqil-maqallarda antonimlerdin` qollanılıwın arnawli tu`rde ilimiy jaqtan u`yreniw qaraqalpaq tilinin` leksikasindag`i, stilistikasindag`i a`hmiyetli ma`selelerdin` birin aniqlawg`a ja`rdem beredi. Ortag`a qoyilg`an ma`seleni antongimlerdin` so`z shaqaplarına qatnaslı tu`rleri – antonim atlıqlar, kelbetlikler, ra`wishler ha`m feyiller tiykarinda aship beriw qaraqalpaq til biliminin` leksika tarawi menen birge basqa da tarawlardın` bir qansha teoriyaliq ha`m a`meliy ma`selelerin sheshiwge ja`rdem beredi. Bul jumistin` teoriyaliq ha`m a`meliy jaqtan a`hmiyetin ko`rsetedi. Jumistin` materiallarin antonimlerdi izertlewde, naqil-maqallar tilin u`yreniwde, so`zlikler du`ziw siyaqli jumislarda paydalaniwg`a boladi.

**Temanin` ilimiy jan`alig`i:** Jumista qaraqalpaq til biliminde arnawli izrtlenbegen ma`sele birinshi ma`rtebe ilimiy ko`z-qarastan tallaw jasaldi ha`m onnan aling`an ilimiy juwmaqlar berildi. Bul jumistin` ilimiy jan`alig`in ko`rsetedi.

**Izertlew ob`ekti ha`m predmeti**: Ob`ekti - qaraqalpaq tilinin` leksikasi, predmeti – naqil-maqallar tili.

**Izertlew metodlari ha`m usillari**: Sinxronliq baqlaw metodi.

**Jumistin` qurilisi ha`m ta`rtibi:** Kirisiw, eki bap, juwmaq ha`m a`debiyatlar diziminen ibarat.

**Orinlang`an miynettin` tiykarg`i na`tiyjeleri**: Tildin` qaymag`i esaplang`an turaqli so`z dizbeklerinin` bir tu`ri – frazeologiyaliq so`zlerdin`

yag`niy naqil-maqallardin` leksika-semantikaliq o`zgesheliklerin ko`rsetedi ha`m onda qollanilg`an antonimler so`zlerdi aniqlaydi.

**Juwmaq ha`m usinislardi qisqa uliwmalastiriwdin` na`tiyjeleri**:

Naqil-maqallarda antonim so`zler so`zler qollaniladi, olar atlıq, kelbetlik, ra`wish ha`m feyil so shaqaplarına qatnaslı bolıp keledi, «bar», «joq» so`zlerinin` (predikativlerdin`) antonimiyası da ushırasadı, sonday-aq antiteza qubılısının` qolanılıwı menen de o`zgeshelenedi. Naqil-maqallarda usı birlikler ha`r qıylı maqsetlerde qollanıladı. Izertlewdin` na`tiyjeleri bizge usi ma`selelerdi juwmaqlastirip ko`rsetedi.

# Kirisiw

Til adamzat ja`miyetinin` ha`r bir ag`zası ushın yen` a`hmiyetli qarım-qatnas quralı sıpatında xızmet yetedi. So`zler, so`z dizbekleri, wolardın` qatnasındag`ı logikalıq ha`m stil`lik baylanıslılıqqa iye ga`pler arqalı woy-pikirdi bayan yetiw qaraqalpaq tilinin` wog`ada zor mu`mkinshilikleri bolıp, wog`an grammatikalıq qurılıs ta tıg`ız baylanıslı. Solay yetip, tildin` ja`miyetlik xızmetinde, yag`nıy adamlardın` bir-biri menen qarım-qatnas jasawında so`ylesiw, pikir alısıw, ta`sir yetiwshilik xızmetlerine sa`ykes funktsional` stil`ler sisteması payda boladı. Til wo`zinin` rawajlanıw da`wirlerinde usı u`sh tu`rli xızmetlerdi atqarıw ushın fonetika-leksikalıq, grammatikalıq jaqtan wo`zgeshelikleri menen ayrılıp turatug`ın til birliklerin qa`liplestirip baradı. Bunday birlikler til biliminde funktsional` stiller delinedi.

Qaraqalpaq a`debiy tili de wo`zinin` funktsional` stil`lerine iye bolıp, sa`ykes wo`zgesheliklerine qaray wo`z ishinde bir neshe tu`rlerge bo`linedi. Awızeki so`ylew stili wo`zine ta`n fonetika-intonatsiyalıq, leksika-frazeologiyalıq ha`m grammatikalıq wo`zgeshelikleri menen wo`z aldına ajıralıp turadı ha`m bo`lek alıp qaraladı. Qaraqalpaq a`debiy tilinin` kitabıy stilleri ko`rkem a`debiyat stili, ra`smiy is qag`azları stili, publitsistikalıq stil, ilimiy stilge bo`linip, wolar kitabıy stiller sisteması sıpatında tanıladı.

Tildin` so`ylesiw xızmeti awızeki so`ylew stilinde a`melge asıp, wonın` sıpatlı, tiykarg`ı wo`zgesheligi dialog formasında keliwinde ayqın ko`rinip turadı. Wonda dialoglıq sıpat boladı. Al, monolog sıpatındag`ı stillerden ko`rkem a`debiyat stili funktsional` stiller arasında wo`z aldına bo`lek stil sıpatında qaralıp, geypara izertlewshiler ko`rkem a`debiyat stilin funktsional` stillerdin` ayrıqsha tu`ri dep ko`rsetedi. Ko`rkem a`debiyat stilinde naqıl-maqallar da belgili worın tutadı.

Ha`r qanday xalıqtın` barlıq sotsiallıq qatlamı ushın ten`dey xızmet atqaratug`ın ko`rkem shıg`arma adamg`a estetikalıq jaqtan ta`sir ko`rsetedi.

Sonlıqtan, bul stil ulıwma xalıqlıq tilden sheklenbegen da`rejede paydalanadı. Wolardın` arasında naqıl-maqallar da u`lken xızmet atqaradı. Ulıwma xalıqlıq tildegi barlıq baylıqlar ko`rkem shıg`armanın` tilinde belgili ko`rkemlik-stillik xızmetlerdi atqarıp kelip, bul wo`zgeshelik naqıl-maqallar tili ushın da ta`n bolıp keledi. Naqıl-maqallar pikirdi qısqa ha`m anıq jetkerip beredi.

Qaraqalpaq tilinde ko`rkem a`debiyat stili janrlıq jaqtan prozalıq stil ha`m poeziyalıq stil bolıp u`lken yeki toparg`a bo`linedi. Naqıl-maqallar poeziyalıq stilge kiredi. Ko`rkem a`debiyat stilinin` tiykarg`ı xızmeti woqıwshı menen tın`lawshıg`a estetikalıq jaqtan ta`sir etiwden ibarat bolıp, basqa stillerden bul stil usı xızmeti menen ayrılıp turadı ha`m wog`an obrazlılıq, ko`rkemlep su`wretlew ta`n belgi boladı. Usı belgilerdin` ba`ri de naqıl-maqallarda ushırasadı. Poeziyalıq stilde so`zlerdin` qosıq qatarlarında, intonatsiya, logikalıq ıqshamlılıq arqalı bildiriliwi wog`an naqıl-maqallardın` da qatnaslı yekenin ko`rsetedi. Naqıl-maqallar da tili jag`ınan ta`sirli, wo`tkir bolıp keledi.

Ha`zirgi shekem rus til biliminde ha`m tu`rkiy tillerde ko`rkem a`debiyat stiline baylanıslı u`lken ilim-izertlew jumısları ju`rgizilip, tilshi ilimpazlardan A.I. Efimov, D.A.Budagov, A.N. Gvozdev, B.Umurqulov, A.Sızdıqova, qaraqalpaq til biliminde E.Berdimuratov, O.Dospanov, D.Saytov, Bekbergenov, Sh.Abdinazimov, B.Yusupova ha`m t.b. ko`rkem shıg`arma tilinin` bir qansha ma`seleleri boyınsha izertlewler alıp bardı. Ko`rkem a`debiyat stili tildin` ja`miyettegi sotsiallıq ta`sir etiw xızmetinin` bir forması sıpatında u`yrenilip kelmekte.

**Naqıl-maqallar tili haqqında tu`sinik**

Naqıl-maqallar fol`klorlıq shıg`arma tilinin` wo`zine ta`n bir tu`ri, wol awızeki a`debiyat nusqalarının` birinen yesaplanadı. Naqıl-maqallar tilinde ko`plegen leksikalıq birlikler sinonimler, omonimler, antonimler, sonday-aq, ma`nisi bir so`zge barabar frazeologiyalıq so`z dizbekleri de ko`rkemlik penen qollanıladı.

Tu`rkiy xalıqlar arasında qaraqalpaq fol`klorı baylıg`ı, janrlıq wo`zgeshelikleri, ko`p a`sirlik tariyxı ha`m tag`ı basqa da ayrıqshalıq ta`repleri

menen salmaqlı worın tutadı. Qaraqalpaq fol`klorında naqıl-maqallar janrlıq wo`zgeshelikleri boyınsha kishi ko`lemdegi shıg`arma sıpatında tanılıp, belgili bir ko`rkemlik ta`repi, salmaqlı wornı menen ajıralıp turadı. Xalıqtın` bay fol`klorlıq miyraslarında naqıl-maqallar, jumbaqlar, aytıslar, jaydarı qosıqlar ha`m basqa da ko`plegen tu`rleri wo`z aldına janr bolıw menen birge, wolardın` arasında ko`lemi, qurılısı jag`ınan wo`zgeshelenip turatug`ın naqıl-maqallar tili obrazlılıg`ı, wo`tkirligi menen belgili. Wonda antonimler de wo`z wornı menen jumsalg`anın ko`riwge boladı. Naqıl-maqallar ko`lemi jag`ınan da, mazmunı jag`ınan da qısqa ha`m tujırımlı bolıp, obrazlı sıpattag`ı, tujırımlı ma`nidegi tillik mu`mkinshilikleri menen sıpatalanadı. Naqıl-maqallar tilinin` wo`zine ta`n leksikalıq belgileri, ayrıqshalıqları wolardın` basqa janrlardan ajıratıp turatug`ın bir belgi bolıp yesaplanadı. So`zler naqıl-maqallar tilinde de tuwra ha`m awıspalı ma`nilerde keledi.

Bizin` pitkeriw qa`nigelik jumısımızda qaraqalpaq xalıq naqıl-maqalları tilinde qollanılg`an antonimler izertlew ob`ekti sıpatında tan`lap alınıp, a`debiy til stilinen parqlanatug`ın fol`klorlıq u`lgilerinin` biri sıpatında u`yrenilip, tildegi antonimlerdin` naqıl-maqallar tilinde paydalanılg`anda stillik wo`zgeshelikleri, xızmetleri ashıp berildi. Naqıl-maqallar tili ta`sirli bolıp keledi, wonın` til wo`zgeshelikleri – ıqsham, obrazlı boladı, bular wonın` wo`zinshelik belgilerin ko`rsetedi. Naqıl-maqallardag`ı ha`r bir leksikalıq birlikti izertlew ayrıqsha qızıg`ıwshılıq payda yetedi. Wolardın` arasında ma`nileri bir-birine qarama-qarsı keletug`ın so`zler de bar bolıp, wolardı ilimiy ko`z-qarastan u`yreniw naqıl-maqallar tilinin` tujırımlılıg`ın, ko`rkemligin, obrazlılıg`ın, ta`sirliligin payda yetken qurallardı anıqlawg`a tiykar boladı.

**Qaraqalpaq til biliminde naqıl-maqallar tilinin` izertleniwi**

Naqıl-maqallar tilin izertlew – qaraqalpaq til bilimindegi aktual ma`selelerdin` biri. Bir qansha fol`klorlıq shıg`armalar tili ha`m wonın` geypara ayrıqshalıqları tilshi ilimpazlar ta`repinen ilimiy ko`z-qarastan izertlenip atırsa da, naqıl-maqallar tili arnawlı ilim-izertlew jumıslarının` ob`ekti sıpatında monografiyalıq bag`darda izertlenbedi. Solay bolsa da, naqıl-maqallar tili bir

qansha kishi ko`lemli ilim-izertlew jumıslarının` ob`ektine aynalıp atır. Wolardan E.Na`wbetullaevanın` «Qaraqalpaq xalıq naqıl-maqallarının` sintaksislik qurılısı» (2000) degen magistrlik dissertatsiyasın atap wo`tiwge boladı.

Qaraqalpaq tilinin` leksikası E.Berdimuratov ta`repinen ilimiy ko`z-qarastan u`yrenilip, wonın` miynetleri baspadan shıqtı. Wonda antonimler de so`z yetilgen.[1] Qaraqalpaq tilindegi antonimler boyınsha alıp barılg`an bir qansha ilim-izertlew jumısları da bar. A.Bekbergenov qaraqalpaq tilindegi antonimlerge a`hmiyetli ma`selelerdi so`z etken ko`lemli ilimiy maqala ja`riyaladı.[2] Qudaybergenov ta antonimler boyınsha jumıslar alıp bardı, [3]. T.Bashirov penen birgelikte antonimler so`zligin bastırıp shıg`ardı.[4]

**Pitkeriw qa`nigelik jumısının` maqseti ha`m wazıypaları**

Ha`zirgi qaraqalpaq tilinde so`zler wo`zine ta`n ma`nileri, morfologiyalıq wo`zgeshelikleri ha`m basqa da ta`repleri menen ayrilip turadi. So`zdin`, wonin` leksikalıq ma`nilerinin` ha`m morfologiyalıq wo`zgesheliklerinin` ilimiy jaqtan izertleniwi qaraqalpaq til bilimindegi teoriyaliq ha`m a`meliy jaqtan a`hmiyetli ma`selelerdin` biri bolıp, wolar belgili bir ko`rkem shıg`arma tilin tiykarında u`yrenilse til bilimi ushın wog`ada a`hmiyetli ma`selelerdi ashıp beredi. So`z shaqapları tiykarında antonimiya qubılısın izertlew –qaraqalpaq til bilimindegi qızıqlı ma`sele. A`sirese, wolardın` naqıl-maqallar tili tiykarında izertleniwi wo`z aldına aktual bir ma`seleni sheship beriwge ja`rdem beredi. Usı ko`z-qarastan naqıl-maqalardag`ı antonimlerdi wo`z aldina alip u`yrenip, tiykarg`i wo`zgesheliklerin aship beriw, arnawli izertlew wog`ada a`hmiyetli.

Tilde ta`sirlilik jaratıwda a`hmiyetli worın tutatug`ın antonimlerdi leksikalıq qural sıpatında belgili bir stil` tu`rlerinde yamasa ko`rkem shig`armalarda qollaniliwin izertlew wog`ada qiziqli bolıp, naqıl-maqallar tilinde antonimlerdin`

---

[1] Бердимуратов Е. Ҳәзирги заамн қарақалпақ тилиниң лексикологиясы. Нөкис, 1968, 57-бет.

[2] Бекбергенов А. Синонимлер ҳәм антонимлер. ─ Қарақалпақ тили бойынша изертлеўлер. Нөкис, «Қарақалпақстан» 1971, 115- 132-бетлер.

[3] Кудайбергенов М. Қарақалпақ тилиндеги антонимлер. ─ ҚМУ жас илимпазлары ҳәм қәнигелериниң V илимий-теориялық конференциясының материаллары. Нөкис, 1993, 31-33-бетлер.

[4] Қудайбергенов М., Баширов Т. Қарақалпақ тили антонимлериниң қысқаша сөзлиги. Нөкис, 1995.

qollanılıwı tiykarında atap wo`tetug`ın bolsaq, wonda qaraqalpaq tilinin` bay mu`mkinshiliklerin ashıp beriwge boladı. Usi ta`repinen naqil-maqallarda antonimlerdin` qollanılıwın arnawli tu`rde ilimiy jaqtan u`yreniw bizin` pitkeriw qa`nigelik jumisimizdin` tiykarg`i maqseti bolip yesaplanadi. Xaliq tilinin` qaymag`i yesaplang`an, ilimiy a`debiyatlarda turaqli so`z dizbeklerinin` bir tu`ri – frazeologiyaliq so`zlerde yag`niy naqıl-maqallarda antonimler pikirdi wo`tkir yetip jetkerip beriwge xızmet yetedi. Usıdan kelip shıg`ap, jumistin` aldinda turg`an waziypa antonim so`zlerdi tildegi so`z shaqapları tiykarında tallawdan ibarat. Solay yetip, pitkeriw qa`nigelik jumısımız antonimlerdin` qolanılıwın atawısh so`z shaqaplarınan atlıq, kelbetlik ha`m ra`wish, sonday-aq feyil ha`m predikativ so`zler tiykarında tiykarinda wo`z aldina ayirim bo`limlerde naqil-maqallardan aling`an misallar tiykarinda tallaw arqali jeke wo`zgesheliklerin ilimiy tiykarda aship beriwden ibarat. Bul ma`selelerdi aniqlaw, u`yreniw til biliminin` leksika tarawi menen morfologiya tarawının` da bir qansha teoriyaliq ha`m a`meliy ma`selelerin ashıp beredi ha`m wo`z gezeginde, jumistin` teoriyaliq ha`m a`meliy jaqtan a`hmiyetli yekenin belgileydi.

## I Bap  Naqıl-maqallarda atawısh so`z shaqapları antonimiyası

Qaraqalpaq tili leksikasının` so`zlik quramında antonim so`zler de basqa da leksikalıq birlikler menen bir qatarda wo`zine ta`n worın tutadı. Antonim degende til biliminde seslik qurılısı jag`ınnan ha`r qıylı, ma`nisi boyınsha bir-birine qarama-qarsı bolg`an so`zler tu`siniledi. Antonim grekshe *«anti»* – qarsı ha`m *«onyma»* – at, atama degen ma`nilerdi an`latatug`ın so`zlerden alıng`an bolıp, ma`nisi boyınsha bir-birine qarama-qarsı kelgen so`zler antonimler boladı.

Antonimiya qubılısı so`zdin` ma`nisine qatnaslı tu`sinik bolg`anlıqtan, wonı a`piwayı tu`rdegi so`zlerdin` bolımlı ma`nisi menen birge bolımsızlıq ma`ninin` qarama-qarsılıg`ı menen shatastırmaw kerek. Bunda so`zdin` bolımsız ma`nidegi qosımta jalg`anıwı menen wo`zgeriske ushırawın yemes, al so`zdin` ma`nisindegi qarama-qarsılıqtı tu`siniwimiz kerek. Ma`selen barlıqtı, qanday da bir belgige iye bolıwdı bildiretg`ın - lı qosımtası menen bolımsızlıq ma`ni bildiriwshi - sız qosımtasının` so`zlerge jalg`anıwınan payda bolatug`ın wo`zlerisler menen antonimler wortasında u`lken ayırmashılıq bar. Antonimler ha`r qıylı tu`bir so`zler, yag`nıy leksikalıq birlikler wortasındag`ı ma`nilik jaqtan payda bolatug`ın qarama-qarsılıqtı bildirip keledi. Mine usı sıyaqlı ha`r qıylı tu`bir so`zler wortasında payda bolg`an qarama-qarsılıqtan ibarat qubılıstı antonimiya dep ataw kerek. Bunday belgilerge iye bolg`an so`zler leksikalıq antonimler bolıp wesaplanadı. Qaraqalpan`q tilinin` so`zlik quramında antonimler wog`ada ko`p. Bunday ma`nisi jag`ınan bir-birine qarama-qarsı keletug`ın so`zler bir qansha ken` ma`nilik wo`zgesheliklerge iye.

Antonimler tildegi ma`nisi boyınsha qarama-qarsı bolg`an so`zler bolıp

yesaplanadı. Antonimler de ha`r qanday leksikalıq birlikler sıyaqlı wo`zine ta`n wo`zgeshelikleri menen ajıralıp turadı. Usıg`an baylanıslı qaraqalpaq tilindegi antonimlerdin` naqıl-maqallar tilinde qollanılıwın so`z shaqaplarına qatnası tiykarında tallawdı baslamastan aldın antonim degende neni tu`sinemiz degen

ma`seleni anıqlastırıp alıw maqsetinde tilshi ilimpazlardın` pikirlerin keltirip wo`tpekshimiz.

Qaraqalpaq tilinin` leksika tarawın arnawlı izertlegen ilimpaz prof. E. Berdimuratov «Antonimlerdi anıqlawda biz wolardın` ma`nileri arasındag`ı qatnastın` xarakterine qarawımız kerek. Ko`pshilik jag`daylarda usı ma`niler arasındag`ı qatnasqa qarap aytar – aytpas, da`mli – da`msiz usag`an a`piwayı tu`rdegi so`zlerde antonimiyalıq qubılıs bar dep anıqlawlar ushırasadı. A`lbette, antonimlerdi biz so`zlerdin` bunday a`piwayı tu`rdegi bolımsız ma`ni tuwdırıwshı affiksler menen wo`zgeriw jag`dayınan emes, al ha`r qıylı tu`birge iye bolg`an so`zlerdin` wo`zindegi qarama-qarsı ma`niden izlewimiz kerek. Ma`selen, aqıllı – aqılsız degen so`zlerdin` tu`biri aqıl, al usı tu`birge - lı, - sız affikslerinin` qosılıwı arqalı birinde predmettin` belgisinin` barlıg`ı, al yekinshisinde sol belginin` joqlıg`ı tu`sinilip tur. Bunın` ba`ri de tek g`ana affikslerge baylanıslı bolg`an ma`nilik wo`zgeristen ibarat. Al, yendi aqıllı – aqmaq desek, wonda ha`r tu`rli ma`nilerge iye bolg`an so`zlerdin` qarama-qarsı ma`nide yekenligin ko`remiz.

Biz usınday ha`r tu`rli tu`birlerge iye bolg`an qarama-qarsı ma`nili so`zlerdi g`ana leksikalıq antonimler dep tanıwımız kerek»[5] degen pikirdi aytadı.

Qaraqalpaq tilindegi sinonimler menen antonimlerdi izertlep, wolardan antonimler haqqında wo`zinin` ilimiy pikirlerin ilimpaz A.Bekbergenov bılay dep jazadı:

«Ayırım tilshiler «ma – me, ba – be, pa – pe» japanayları, - lı, - sız affiksleri ha`m «yemes» ko`mekshi so`zinin` ja`rdemi menen qarama-qarsı qoyılg`an so`zlerdi antonimler dep qaraydı. (Mısalı, bolıw – bolmaw, u`lken – u`lken emes, ko`sher – ko`shpes, aqıllı – aqılsız ha`m tag`ı basqa) Yekinshi bir lingvistler bunday so`zlerdi antonimler dep yesaplamaydı.[1] Haqıyqatında da, wolar tek grammatikalıq antonimler dep qaralıwı mu`mkin. Sebebi, leksikalıq antonimler bolıw ushın so`zlerdin` tu`birleri ha`r qıylı bolıp, wolardın` real` semantikalıq

---

[5] Бердимуратов Е. Ҳәзирги заман қарақалпақ тилиниң лексикологиясы. Нөкис, «Қарақалпақстан, 1968. 119-бет

ma`nilerinin` qarama-qarsılıg`ı anıq bolıwı kerek» [6] Demek, atap wo`tilgen ma`seleler ha`r qıylı til qubılısları bolıp, wolardan qosımtalar wortasındag`ı bunday wo`zgeshelikti G.Patullaeva bılay ko`rsetedi:

«Morfemalıq antonimiya – an`latatug`ın ma`nisi biri birine qarama-qarsı bolatug`ın morfemalardı payda yetetug`ın qubılıs. Mısalı: belgili – belgisiz, bazarg`a bardım – bazardan qayttım».[7]

Demek, til biliminde leksikalıq antonimiya menen morfemalıq antonimiya bar bolıp, biz wolardan tek g`ana leksikalıq antonimiya ma`selesin so`z yetemiz. Haqıyqatında da, antonim degende biz tek tu`bir so`zler arasında bolatug`ın semantikalıq qubılıstı tu`siniwiz kerek. Qosımtalar wortasındag`ı bunday leksika-semantikalıq qubılıslar tilde basqa bir wo`z aldına qaralatug`ın ma`sele bolıp, wol bizin` pitkeriw qa`nigelik jumısımızdın` izertlew ob`ektine kirmeydi.

Antonim so`zlerdi so`z shaqaplarına qatnası jag`ınan anıqlaw da bir qansha wo`zgesheliklerge iye bolıwı menen sıpatlanıp keletug`ın ma`sele. Qaraqalpaq tilindegi antonimler ko`pshilik jag`daylarda atlıq, kelbetlik, ra`wish ha`m feyil so`zler tiykarında so`z yetilgen. Sebebi, antonim so`zler usı zattın` atın bildiretug`ın, zattın` belgisin bildiretug`ın, is-ha`rekettin` yamasa belgisin` belgisin bildiretug`ın ha`m is-ha`reketti an`latıp keletug`ın so`z shaqaplarınan boladı. Bul so`zlerdin` tu`birleri an`latqan ma`niler menen qarama-qarsı keletug`ın so`zler de tilde ko`p ushırasadı. Demek, tilde antonimiya qubılısı barlıq so`z shaqapları arasında yemes, al belgili bir so`z shaqapları arasında bolatug`ın leksika-semantikalıq qatnaslardan ibarat boladı. Antonimler ha`m wolardın` so`z shaqapları qatnası ma`selesinde E.Berdimuratov[8] atlıq, kelbetlik, ra`wish ha`m feyil so`zlerde boladı dep ko`rsetse, A.Bekbergenov:

«Qarama-qarsı ma`nileri anıq ko`riniwi ushın antonim so`zlerdin` bir so`z shaqabınan bolg`anı durıs. So`z shaqaplarının` ba`rinen antonimler birdey jasala bermeydi. Wolar ko`binese belgini, sapanı ha`m ha`reketti bildiriwshi so`z

---

[6] Бекбергенов А. Синонимлер ҳәм антонимлер. — Қарақалпақ тили бойынша изертлеўлер. Нөкис, «Қарақалпақстан» 1971. 127-бет.
[7] Патуллаева Г. С. Қарақалпақ тилиндеги сөзлердиң морфемалық қурылысы. Ташкент, «Фан», 2007, 17-бет.
[8] Бердимуратов Е. Ҳәзирги заман қарақалпақ тилиниң лексикологиясы. Нөкис, «Қарақалпақстан, 1968. 119-бет

shaqaplarında, yag`nıy kelbetlik, ra`wish ha`m feyil so`zlerde ushırasadı» degen pikirdi aytadı.[9] Degen menen, atlıq so`zler de, predikativler de qarama-qarsı ma`nilerdi bildirip keledi.

Solay yetip, joqarıda keltirilgen pikirlerdi basshılıqqa alıp, biz qaraqalpaq tilindegi antonim so`zler tiykarında naqıl-maqallar leksikasın anıqlawda wolardı to`mendegi so`z shaqapları tiykarında tallawdı maqul ko`rdik:

1. Antonim atlıqlar
2. Antonim kelbetlikler
3. Antonim ra`wishler
4. Antonim feyiller
5. Predikativler antonimiyası

Biz antonimlerdi naqıl-maqallar tiykarında so`z shaqaplarına baylanıslı tallawdan aldın wolardın` izertleniw tariyxına qatnaslı atap wo`tsek, antonimlerdin` ko`rkem shıg`armalar ha`m jazba yestelikler tilinde qollanılıwı bir qansha ilimpazlar ta`repinen izertlendi. Wolardan jazba yestelikler tili, klassik shayırlar shıg`armaları ha`m basqa da qaraqalpaq jazıwshı-shayırları shıg`armaları tili izertlenip,[10] wolardın` leksikası jag`ınan tallaw islengende antonimlerdin` qollanılıwı da so`z yetilgen.[11]

Ko`rkem shıg`arma tilinde antonimler stil`lik jaqtan a`hmiyetli xızmet atqarıp keledi. Sonlıqtan, wolar stilistikalıq figuralardın` bir tu`ri antitezalar jasawda wog`ada za`ru`rli bolıp, wolar usı antonimlerdin` tiykarında payda yetiledi. Wolar aytılıp atırg`an woy-pikirge wo`tkirlik beriw ushın xızmet atqaradı.

---

[9] Бекбергенов А. Синонимлер ҳәм антонимлер. ─ Қарақалпақ тили бойынша изертлеўлер. Нөкис, «Қарақалпақстан» 1971. 127-бет.

[10] Сайтов Д. XVIII-XIX әсирлердеги қарақалпақ шайырлары шығармаларының тили. Нөкис, 1989.
Насыров С.Д., Доспанов О., Бекбергенов А., Сайтов Д. Қарақалпақ әдебияты классиклери шығармаларының тили. Нөкис, 1995.

[11] Абдиназимов Ш. Бердақ шығармалары тили. Ташкент, Фан», 2006, 210-212-бетлер.; Сайымбетов О. Хорезмидиң «Мухаббат-нама» әдебий жазба естелигиниң тили ҳәм оның қарақалпақ тилине қатнасы. Нөкис, «Билим», 2013, 29-бет.; Юсупова Б.Т. Стилистическо использование прилагательных в художественном произведении (на материалах произведений И.Юсупова). Автореф. кандд. дисс., Нукус, 2001.с.5.

Naqıl-maqallar tilinde antonim so`zler de wonın` so`zlik baylıg`ının` bir bo`legin quraydı. Wolar da antonimlerdin` ko`rkem shıg`arma tilindegi atqaratug`ın tiykarg`ı xızmetlerine iye bolıp keledi.

Naqıl-maqallar tilinde qollanılg`an antonim so`zlerdi atawısh so`z shaqaplarına qatnası jag`ınan alıp qarag`anda, wolardan to`mendegi so`z shaqaplarının qollanılg`anın ko`riwge boladı:

1. Antonim atlıqlar
2. Antonim kelbetlikler
3. Antonim ra`wishler.

Bul antonim so`zlerdin` bir-birinen wo`zine ta`n bir qansha wo`zgeshelikleri bar bolıp, biz olardı to`mende wo`z aldına ayırım alıp tallap ko`rsetpekshimiz.

## **1. Antonim atlıqla**r

Qaraqalpaq tilindegi antonim so`zler arasında antonim atlıqlar jiyi ushırasadı ha`m u`lken topardı quradı. Wolar atlıq so`zlerdin` wo`zi menen birge ko`plegen substantivlesken atlıqlar arqalı bildiriledi. Antonim atlıqlar ta`biyatı jag`ınan bir-birine qarama-qarsı bolg`an zatlardın` atamaların bildirip keledi. Qaraqalpaq tilinde antonim atlıqlar basqa da so`z shaqaplarınan bolg`an antonim so`zler arasında wo`z wornı menen atqaratug`ın xızmetlerine iye bolıp keledi.

Naqıl-maqallar tilinde qollanılg`an antonim atlıqlar ma`nilik wo`zgeshelikleri, leksika-semantikalıq toparları, bildiriliw usılları ha`m t.b. ta`repleri menen ajıralıp turadı.

**Ma`ni.** Naqıl-maqallar da antonim atlıqlar tildegi sa`ykes xızmetleri menen jumsalıp, woy-pikirdi woqıwshıg`a ta`sirli ha`m wo`tkir yetip jetkerip beriw ushın xızmet atqarg`anın ko`riwge boladı. Mısalı:

Jigit kelse iske,
G`arrı kelse asqa. (24-bet)

Bul naqılda jigit atlıg`ı menen g`arrı atlıg`ı bir-birine qarama-qarsı ma`nide kelip, kontekstke wo`tkirlik, ta`sirlilik beriw ushın xızmet atqarıp turg`anlıg`ı

ko`rinedi. Solay yetip, bul naqılda jigit so`zi jas degen ma`nini bildiriwin yesapqa alıp, g`arrı so`zi menen antonimlik xızmette jumsalg`anın atap ko`rsetiwge boladı.

Naqıl-maqallar tilinde antonimler ma`nisi jag`ınan ha`r qıylı tematikalıq topardag`ı so`zler arqalı jasalg`anın ko`riwge boladı. Wolardın` arasında ha`r qıylı tu`siniklerdi bildirip keletug`ın atlıq so`zlerdin` antonim bolıp keletug`ının atap ko`rsetpekshimiz.

1. Adamlar arasındag`ı jaqınlıq, tuwısqanlıq qatnasqa baylanıslı atlıq so`zler antonim bolıp keledi. Mısalı:

Azamat erdin` qa`dirin,
Ag`ayin bilmes, jat biler,
Jaqsı jerdin` qa`dirin,
Xojası bilmes, qul biler. (38 -bet)
Atqa erdin` batqanın,
Iyesi bilmes, at biler,
Ag`ayinnin` azg`anın,
Ag`ayin bilmes, jat biler. (45 -bet)

Bul naqılda ag`ayın so`zi menen jat so`zi, xoja menen qul so`zleri ma`nilik jaqtan qarama-qarsı turıp, pikirdi ta`sirli yetip jetkerip beriwge qaratılg`an atlıq so`zler bolıp yesaplanadı.

Naqıl-maqallar tilinde antonimlerdin` ha`r qıylı usıllar menen berilgenini ko`riwge boladı. Naqıl-maqallar tilinde antonim bolıp kelgen yeki so`zdin` birewinin` wog`an ma`niles bolıp kelgen yekinshi bir so`z benen antonim bolg`an jag`dayları da ushırasadı. Adamlar arasındag`ı jaqınlıq, tuwısqanlıq qatnasqa baylanıslı ag`ayın so`zi menen ma`niles jaqın so`zi de jat so`zine qarama-qarsı qoyılıp jumsalıwın naqıl-maqallardan anıq ko`riwge boladı. Bunda jaqın so`zi ra`wishten atlıqqa wo`tkenligin aytıwg`a boladı. Mısalı:

Jaqının`a wo`tirik aytpa,
Jatqa sırın` aytpa. (122-bet)

Bul naqılda, joqarıda atap wo`tkenimizdey, jaqın so`zi menen jat so`zi bir-birine qaram-qarsı ma`nide kelgen antonim atlıqlar bolıp yesaplanadı. Wolar da tildin` ta`sirliligi ushın xızmet yetedi ha`m naqıl-maqallar tilinin` anıq, tujırımlı bolıwın ta`miyinleydi.

2. Adamlar arasındag`ı ha`r qıylı qarım-qatnasqa baylanıslı  atlıq so`zler antonim bolıp keledi. Mısalı:

Ishek-qarın go`sh bolmas,

Dushpan hasla dos bolmas. (57 -bet)

Parıqsızlıqtın` belgisi,

Baytalın satıp at eter,

Dostının` kewlin qaldırıp,

Dushpannın` kewlin mat eter. (57 -bet)

Naqıl-maqallardan alıng`an bul qatarlarda dos ha`m dushpan so`zleri  o`z-ara bir-biri menen qarama-qarsı ma`nilerdi, tu`siniklerdi bildirip keletug`ın antonim atlıqlar bolıp yesaplanadı. Dos ha`m dushpan atlıqları barlıq shıg`armalarda da burınnan qollanılıp kiyatırg`an, tiykarınan, qarama-qarsı pikirler ushın qollanılatug`ın leksikalıq birlikler bolıp yesaplanadı. Bul so`zler so`z shaqaplarına qatnası jag`ınan atlıq bolıp, zattın` atın bildirip keledi. Naqıl-maqallarda wolardın` sheberlik penen  qollanılg`anın ko`riwge boladı. Joqarıda keltirilgen naqıl-maqallarda qarama-qarsı sıpattag`ı adamlardın` wortasındag`ı qatnasıqlar antonim atlıqlar arqalı sa`wlelendirilgen. Bul antonimler tildin` obrazlılıg`ın, tujırımlı bolıwın keltirip shıg`aradı.

3. Adamlardag`ı ha`r qıylı qa`siyetlerge, sıpatlarg`a, minez-qulqqa baylanıslı atlıq so`zler antonim bolıp keledi. Mısalı:

Qorqaqtı ko`p quwsan`, batır bolar,

Yeshekti ko`p ursan`, sırın` alar. (51-bet)

Jaqsıg`a so`z yeredi,

Jamang`a sho`p yeredi. (85-bet)

Birinshi keltirilgen naqılda qorqaq so`zi menen batır so`zi qarama-qarsı qa`siyetlerdi bildirip keletug`ın atlıq so`zler bolıp yesaplanadı. Wolar adamlardag`ı

bir-birine qarama-qarsı bolg`an yeki sıpattı, qa`siyetti bildirip tur. Bul so`zlerdi kelbetlik yemes, al antonim atlıqlar sıpatında ko`rsetiwimizdin` sebebi, wolar atlıqtın` wornına jumsalıp tur. Adamdı bildirip keledi. Wolardın` atlıqtın` wornına kelip, substantivlesip turg`anın qorqaq so`zinin` tabıs sepliginin` - tı degen qosımtasın qabıl fetip keliwinen de ko`rinedi. Bular adamlardag`ı ha`r qıylı qa`siyetlerge, sıpatlarg`a, minez-qulqqa baylanıslı antonim atlıqlar bolıp tabıladı.

Yekinshi mısalda bolsa naqıl-maqallar tilinde yen` ko`p paydalanılatug`ın jaqsı ha`m jaman so`zleri de atlıqlasqan kelbetlikler bolıp, wolar barıs sepliginin` qosımtasın qabıl etip kelgen. Adamdag`ı qa`siyetti bildirip keledi.

4. Adamlardın` ha`r qıylı sotsiallıq jag`dayına baylanıslı atlıq so`zler antonim bolıp keledi. Mısalı:

Baydın` ko`p malının` ishinde,
Jarlının` jalg`ız malına ushpa tiyedi. (49-bet)

Arg`ımaq attın` quyrıg`ı,
Birde djipek, birde qıl,
Tu`ri jaqsının` belgisi,
Birde to`re, birde qul. (38 -bet)

Bay ha`m jarlı so`zleri adamlardın` sotsiallıq jaqtan qaram-qarsı toparın bildirip, antonim atlıqları sıpatnda tildin` ta`sirligin payda yetiw ushın jumsalg`an. Sonday-aq, to`re so`zi menen qul so`zi de qarama-qarsı ta`replerdi bildirip, antonim atlıqlar sıpatında jumsalg`an.

Do`rendi. Qaraqalpaq tilindegi antonim atlıqlar morfologiyalıq jaqtan ha`r qıylı wo`zgesheliklerge iye bolıp keledi. Bunday antonim atlıqlar naqıl-maqallar tilinde jumsalg`an antonim atlıqlardın` belgili bir toparın payda yetedi. Naqıl-maqallarda tu`bir atlıqlar antonim bolıp keledi. Mısalı:

Aqılg`a isharat,
Aqmaqqa kasapat. (90-bet)

Naqıl-maqallar tilinde paydalanılg`an antonim atlıqlar arasında do`rendi atlıqlardın` da antonim sıpatında jumsalg`anın ko`riwge boladı. Wolardın` tu`birlerinin` antonim yekenin atap ko`rsetiw worınlı. Mısalı:

Arzanshılıq bolsa alarmannan,

Qımbatshılıq bolsa satarmannan insap ketedi. (75-bet)

Kimde-kim jaqsılıq yetse,

Saqalı ag`arsın,

Kimde-kim jamanlıq yetse,

Su`yegi ag`arsın. (94-bet)

Jaqsılıq ag`ash basına,

Jamanlıq ayaq astına. (110-bet)

Birinshi mısal ushın berilgen naqılda arzanshılıq atlıg`ı menen qımbatshılıq atlıg`ı - shılıq qosımtasının` jalg`anıwı menen kelbetlikten jasalg`an atlıqlar bolıp yesaplanadı. Wolar ma`nilik jaqtan qarama-qarsı keledi. Sonın` menen birge, naqıldag`ı alarman ha`m satarman wortasında da ma`nilik jaqtan qarama-qarsılıq bar. Yekinshi mısaldag`ı jaqsı ha`m jaman tu`birleri kelbetlik bolıp, wog`an atlıq jasawshı - lıq qosımtasının` qosılıwı menen jaqsılıq ha`m jamanlıq do`rendi atlıqları jasalıp, wolar tu`bir an`latqan qarama-qarsı ma`nilerge sa`ykes sol belgilinin` bar yekenin bildiretug`ın abstrakt ma`nidegi atlıqlardı jasaydı. Jaqsılıq ha`m jamanlıq do`rendi atlıqları naqılda antonim sıpatında qollanılıp, pikirdin` ta`sirliligi ushın xızmet atqarıp tur.

Metafora. Qaraqalpaq xalıq naqıl-maqalları morfologiyalıq jaqtan bir neshe so`z shaqaplarının` qatnasıwınan bildiriledi. Bunda atlıq so`zler u`lken worın iyeledi. Wolardın` arasında ayırım atlıqlar awıspalı ma`nide keledi.

Ayırım ilimpazlar ko`rkem a`debiyat stilin tildegi barlıq qurallardan paydalanıw mu`mkinshiligin yesapqa alıp, wo`z aldına bo`lek stil sıpatında qaraytug`ının joqarıda atap wo`tken yedik. Sebebi, wonda tildin` kommunikativlik ha`m estetikalıq xızmetleri birigedi, woqıwshıg`a ha`m tın`lawshıg`a ko`rkem shıg`arma estetikalıq jaqtan ayrıqsha ta`sir ko`rsetedi. Obrazlılıq, emotsional`lıq, ekspressivlik, lirizm ha`m ko`rkemlew quralları shıg`arma tilinin` obrazlılıg`ın do`retedi. Bul sıpatlardın` ba`ri de wonın` bir tu`ri sıpatında naqıl-maqallarda da ayqın ko`rinedi. Naqıl-maqallar tilinin` usınday wo`tkirligin, ta`sirliligin payda yetiwde antonimlerdin` xızmeti wog`ada u`lken.

Qaraqalpaq tilindegi antonim so`zler so`z shaqaplarına qatnası jag`ınan da ha`r qıylı yekenin naqıl-maqallar tilinde paydalanılg`an antonim atlıqlar ko`rsetip turadı. Wolar ma`nilik jaqtan awısıp kelip, zattin` atamasin bildirip kelip, antonimiyanı payda yetedi. Atliqlardin` bir topari tuwra ma`nileri menen qarama-qarsı tu`siniklerdin` atamaların bildirip kelse, yekinshi toparı awısmpalı ma`nide qaram-qarsı tu`singiklerdin` atamasın an`latıp, antonim sıpatında keledi. Bunday antonim atliqlar naqil-maqallarda wo`nimli qollaniladi.

Tilimizde ko`pshilik jag`daylarda antonimler qarama-qarsı ma`nilerdi bildirip ma`ni wo`tkirligin payda yetiw ushın xızmet atqaradı. Bul qaraqalpaq naqil-maqallari tili ushin da ta`n bolip yesaplanadi.

Bas ha`m ayaq so`zleri – mu`she atamaları. Woni naqil-maqallardag`i antonimlik ma`nisi salistirip ko`reyik:

Suwdın` bası bulaq bulaq bolsa da,

Ayag`ı quyar ten`izge. (75-bet)

Bas so`zi menen ayaq so`zi o`zinin` tiykarg`ı tuwra ma`nisinde turg`anda adamnın` ha`m basqa da haywanlar yamasa janlı-ja`niwarlardın` mu`she atamaların bildiretug`ın atlıqlar bolıp yesaplanadı. Wolar maqalda kelgende metaforalıq usılda awısıp antonim atlıqlardı payda yetip tur. Naqılda suwdın` baslang`an ornı menen quyar ayag`ın bildiredi. Sonın` menen birge, bul maqalda ulıwma astarlı ma`ni bildirilgen.

Maqalda atnonim atlıqlardın` qollaniliwi ju`da` ta`sirli bolip, wol qarama-qarsı qoyılg`an yeki zat atamasın bildiriw ushin jumsalıp, pikirli obrazlı sıpatlaydı. Naqil- maqallarda atliqlar wog`ada ko`p jumsaladi, wolar, ko`binese, awispali ma`nilerde kele beredi. Bunda antonim atlıqlar tiykarg`i worindi iyelep kelgenligin aytiwg`a boladi.

Antonim atlıqlar naqıl-maqallar tilinde ko`p padalanılg`an bolip, bunda zattin` atamasi menen basqa bir zat ataması qarama-qarsı qoyıladı.

Atliqlardin` ko`pshilik tu`rleri antonimlik xizmetlerde jumsala beredi. Tiykarinan, g`alabaliq atliqlar antonimlik xizmette ko`birek jumsaladi. Misali:

Ko`p g`arrının` ishinde,

Bir bala dana boladı,

Ko`p balanın` ishinde,

Yeki g`arrı bala boladı. (104-bet)

Berilgen mısaldan g`arrı ha`m bala atlıqlarının` antonim yekenligin ha`m wolardın` g`alabalıq atlıqlar yekenin ko`rsetiwge boladı.

Substantivatsiya. Qaraqalpaq xalıq naqıl-maqallarının` tiline tallaw jasap qarag`anda wolardın` morfologiyalıq qurısınan u`lken worın alg`an atlıq so`zler toparında substantivlesken atlıqlardın` belgili bir worındı iyeleytug`ının tastıyıqlap wo`tiwge boladı.

Qaraqalpaq tilindegi kelbetlik ha`m kelbetlik feyildin` substantivlesiw qubılısın wo`z aldına arnawlı izertlegen ilimpaz A`.Aymurzaeva kelbetliktin` substantivlesiw protsesine baylanıslı bir qansha wo`zgesheliklerdi ashıp bergen edi:

«Qaraqalpaq tilinde kelbetliktin` substantivlesiwi tolıq (kelbetliktin` atlıqqa birotala wo`tiwi) ha`m tolıq emes (kelbetliktin` atlıqqa wo`tkeni menen wonın`, tiykarınan, kelbetlik bolıp qalıwı) bolıwı mu`mkin.

Kelbetliktin` atlıqqa tolıq wo`tiwi uzual` yamasa leksikalıq substantivlesiw dep ataladı; g`arrı, soqır, saqaw. Al, kelbetliktin` atlıqqa tolıq emes wo`tiwi yag`nıy yele wonın` kelbetlik ma`nisinde qollanılıw mu`mkinshiliginin` bar yekenligi okkozional` yamasa sintaksislik substantivlesiw dep ataladı. Mısalı: Uzaqtan ko`rindi bir-yeki qara. (A`jiniyaz) Qara – atlıq. 2. Aspandı qara bult bastı. Qara – kelbetlik. 3. Hesh qara ko`rinbeydi, hayran boldı. (K.Sultanov) Qara – atlıq. 4. Bu`lbilden sheshen qus joq, qarası tırnaqtay. (K.Sultanov) Qara – atlıq. Bul tiptegi kelbetliklerdi A.M.Peshkovskiy xameolon so`zler dep ataydı, sebebi, wolar wo`zinin` dizbeklesken so`zine qaray birese atlıq, birese kelbetlik bolıp keledi; kelbetlik penen atlıq, al atlıq penen kelbetlik boladı. [23] » [12]

Solay yetip, qaraqalpaq tilindegi kelbetlikler wo`nimli substantivlesetug`ın so`z shaqabı bolıp yesaplanadı. Wolar naqıl-maqallar tilinde de jiyi ushırasadı

---

[12] Аймурзаева Ә. Қарақалпақ тилиндеги келбетилк ҳәм келбетилк фейиллердиң субстантивлесиўи. Нөкис, «Билим», 1992, 9-бет.

ha`m wolardın` tiline ta`sirlilik qosadı. Bunday so`zler wo`zi an`latqan ma`nisi menen basqa birliklerge qarama-qarsı qoyılıp, antonim so`zlerdi payda yetedi.

Qaraqalpaq xalıq naqıl-maqalları tilinde yen` wo`nimli substantivlesip qollanılg`an birlikler kelbetlikten atlıqqa wo`tken jaqsı ha`m jaman so`zleri bolıp yesaplanadı. Mısalı:

Du`n`yadan jaqsı da wo`tedi,
Jaman da wo`tedi. (97-bet)

Jamandı jaqsı deme malı bar dep,
Yeshekti mal demen`ler jalı bar dep. (46 -bet)

Jaqsı janın`a joldas,
Jaman malın`a joldas. (60 -bet)

Jaqsıdan jaman tuwsa da,
Tartpay qoymas negizge. (112-bet)

Jaqsıdan tiyer sharapat,
Jamannan tiyer ka`sapat. (114-bet)

Bul naqıl-maqallarda keltirilgen jaqsı ha`m jaman birlikleri ma`nisi jag`ınan qarama-qarsı keletug`ın so`zler bolıp yesaplanadı. Woalar da`slep adamnın` qaram-qarsı yeki tu`rli sıpatın, qa`siyetin bildiretug`ın so`zler yag`nıy kelbetlikler bolg`anlıg`ı ma`lim. Keyin wolar adamnın` wo`zi bildirip keliw menen birge usınday sıpatqa iye de yekenin qosa bildiretug`ın atlıq so`zler bolg`an. Bunday antonim atlıqlar naqıl-maqallarda wog`ada ko`p ushırasadı. Mısalı:

Jaqsının` nurı shashılar,
Jamannın` na`psi ashılar. (116-bet)

Jaqsı menen joldas bolsan`
halwa sheker,
Jaman menen joldas bolsan`,
abıroyın` to`ger. (110-bet)

Haqıyqatında da, naqıl-maqallar tiline tallaw jasap qarag`anda, wonda jaqsı – jaman so`zlerinin` antonimiyası u`lken orın iyeleytug`ının basqa da naqıl-maqallar arqalı ko`rsetiwge boladı. Mısalı:

Jaqsı ju`rgen jerine ka`nt saladı.

Jaman ju`rgen jerine wot saladı.

Jaqsıdan jaman tuwsa, emi tabılmas,

Jamannan jaqsı tuwsa, ten`i tabılmas.

Jaqsının` so`zi jetedi,

Jamannın` so`zi wo`tedi. (111-bet)

Substantivatsiya so`zlerdin` jasalıwında a`hmiyetli worın iyeletug`ın usıllardın` biri bolıp yesaplanadı. Bul usıl menen so`zler bir so`z shaqabınan yekinshi so`z shaqabına formasın wo`zgertpesten wo`tip ketedi.

Naqıl-maqallar tilinde qollanılg`an antonimlerdin` ishinde antonim atlıqlar belgili worın iyeleydi. Wolar bir zattı bir neshe qarama-qarsı ma`nili so`zler menen beriwde jumsaladı. Wolardın` arasında substantivlesken atlıqlar wog`ada ko`p ushırasadı. Mısalı:

Jaqsıg`a so`z yeredi,

Jamang`a sho`p yeredi. (85-bet)

Jaqsıdan jaman tuwadı,

Issı nang`a alg`ısız,

Jamannan jaqsı tuwadı,

Adam aytsa nang`ısız. (93-bet)

Naqıl-maqallardag`ı bir wo`zgeshelik wolar aqıl-na`siyat sıpatına da iye bolg`anlıqtan, wolardı qarama-qarsı ma`nei bildirip keletug`ın jaqsı ha`m jaman kelbetlikleri substantivlesip kelip, berilip atırg`an yoy-pikirdin` talabına sa`ykes ma`nini wo`tkir ta`sirli yetip jetkerip beredi.

ANT ha`m SIN. Qaraqalpaq tilinde so`zler ma`nilik jaqtan ha`r qıylı boladı. Naqıl-maqallarda da bul ma`nilik qubılıslardı ko`riwge boladı. Mısalı:

Jaqsı jumıs basında,

Jalqaw u`ydin` qasında. (29-bet)

Jaqsıg`a ko`p yeredi,

Jalqawg`a sho`p yeredi. (29-bet)

Jaqsının` jatı bolmas,

Jalqawdın` uyatı bolmas. (29 -bet)

Jaqsı qon`sını satıp al,

Jamannan basın` tartıp al. (130-bet

Bir ko`rip jaman deme,

Jaqsı bolıp shıqsa qa`ytesen`. (108-bet)

Bul keltirilgen mısallarda joqarıda tallaw jasalg`an naqıl-maqallardın` bir variantı sıpatında qarasaq, jaman so`zi menen ma`nilik jaqtan qarama-qarsı qoyılg`an jalqaw so`zinin` jaman so`zi menen ma`niles bolıp kelgenin ko`riwge boladı yamasa jaqsı (jalqaw) – jaman antonimlik qatnasın ko`riwge boladı. Solay yetip, naqıl-maqallarda qollanılg`an antonimlerdi so`z shaqapları qatnası jag`ınan alıp qarag`anda wonda atlıqlar ju`da` ko`p. Wolardın` arasında jaqsı ha`m jaman so`zleri naqıl-maqallar tilinde yen` ko`p paydalanılg`an atlıqlar sıpatında ko`zge tu`sedi. Bular bir-birine antonimlik qatnasta kelgen substantivlesken atlıq so`zler bolıp yesaplanadı. Bul atlıqlar adamlardag`ı xarakterdi ashıp beriwde, wonın` qaram-qarsı yeki qa`siyetin da`l ko`rsetip beriwde sheberlik penen paydalanıladı.

Antonim atliqlardi naqil-maqallardan basqa da misallar tiykarinda ko`rsetip beriwge boladi. Tildegi jaqsı – jaman so`zlerinin` antonim bolıp keliwi jiyi ushırasadı. Sonın` menen birge, geypara jag`daydarda naqıl-maqallarda bir pikir shen`berinde qatar kelip antonimlik xızmetti atqarıp, wo`z-ara qarsı bolg`an ma`nini an`latıp turadı. Bul so`zler basqa birlikler menen qatar qollanılıp, wolar an`latqan ma`nini wo`tkirlestirip, ku`sheytip bildirip keledi. Bunnan naqıl-maqallar tilinin` antonim atlıqlarg`a bay yekenin ko`riwge boladı.

Yeki jaqsı bas qossa,

Birin-biri qıymaydı,

Yeki jaman bas qossa,

Ot basına sıymaydı. (94-bet)

Naqıl-maqallar tilinen mısal iretinde alıng`an bul qatarlarda o`li tiri so`zleri bir-biri menen ma`nisi jag`ınan qarama-qarsı bolıp, antonim sıpatında kelgen atlıqlar yesaplanadı. Bul atlıqlar naqıl-maqallar tilinde sol bir so`zdin` ma`nisi menen yekinshi so`zdin` ma`nisindegi qarama-qarsılıq tiykarında qatar alınıp, bir

pikir quramında wonı ta`sirli yetip jetkerip beriwdi na`zerde tutqanlıg`ı ko`rinedi. Wolar ma`ni wo`tkirligi menen sıpatlanatug`ın, pikirdi tujırımlı, qısqa jetkerip beriwge xızmet yetip kelgen antonim atlıqlar bolıp yesaplanadı.

Substantivlesken atlıqlardın` wo`nimli qollanılıwı, wolardın` antonimlik sıpatqa iye bolıwı naqıl-maqallardın` morfologiyalıq jaqtan wo`zine ta`n bir wo`zgesheligin ko`rsetedi. Mısalı:

Wo`lini aytsa,

Tirinin` tınıshı ketedi. (103-bet)

Qaraqalpaq tilinde kelbetlik so`zler yen` wo`nimli substantivlesetug`ın so`z shaqabı sıpatında belgili. Bul kelbetlik so`zler naqıl-maqallarda bir neshe worınlarda substantivlesip jumsalg`an ha`m qarama-qarsı ma`nidegi so`zler menen qatar qollanılg`an. Mısalı:

Kishini aldap u`yrengennin`,

U`lkenge de tisi batadı. (82-bet)

Jaqsı bolg`anı qaysı,

Jamandı keshirmegen son`,

Batır bolg`anı qaysı,

Jawdın` u`nin wo`shirmegen son`. (107-bet)

To`mendegi mısaldag`ı kelbetlik so`zler de joqarıda ko`rsetilgen atlıqlar sıyaqlı substantivlesken kelbetilkler, wolar da ma`nilik jaqtan qarama-qarsı keledi:

Ken` bolsan`, kem bolmassan`,

Tar bolsan` tarıg`arsan`,

Bir ba`lege jolıg`arsan`. (107-bet)

Wo`tirik penen ırastın` arası to`rt eli. (99-bet)

Bunday substantivlesip qollanılg`an atlıqlardın` do`rendi kelbetliklerden de bildirilgenin naqıl-maqallar tili tiykarında islengen tallawlardan ayqın ko`riwge boladı. Mısalı:

Sag‘adag‘i suw ishedi,

Ayaqtag‘i *uw* ishedi. (31-bet)

Mısallardag`ı belgilep ko`rsetilgen so`zlerge itibar berip qarag`anda wolardın` - g`ı kelbetlik jasawshı affiksler ja`rdeminde atlıqtan jasalıp, son`ınan ja`ne atlıq ma`nisine wo`tip qollanılıp, bir-birine ma`nilik jaqtan qarama-qarsı yekenin ko`riwge boladı.

Substantivlesken atlıqlardın` arasında naqıl-maqallardın` til wo`tkirligi, obrazlılıg`ı ushın xızmet atqarıp keletug`ın antonim ra`wishlerdin` substantivlesip, atlıq so`z shaqabına wo`tip qollanılg`anın ko`riwge boladı. Mısalı:

Azın ilekerlep jarlı wo`ter,
Ko`bin qarjılamay bay wo`ter. (71 -bet)
Wo`zin`nen joqarını ko`rip shu`kir yet,
Wo`zin`nen to`mendi ko`rip pikir yet. (105-bet)
Ashshı menen dushshının tatqan biledi,
Alıs penen jaqındı jortqan biledi. (103-bet)

Bunda az ha`m ko`p mug`darlıq belgi bildiretug`ın ra`wish so`zler zattın` atın bildirip, tabıs sepliginin` qosımtasın qabıl yetip kelgen. Wolar ma`nisi jag`ınnan qarama-qarsı qoyılıp, ta`sirlilik payda yetkenligin ko`riwge boladı. Sonday-aq, joqarı ha`m to`men so`zleri de adam ma`nisin bildirip, qarama-qarsı ma`nige iye substantivlesken antonim atlıqlar bolıp yesaplanadı. Alıs ha`m jaqın ra`wishleri de antonim bolıp olar, atlıqqa wo`tken.

Naqıl-maqallar tilinin` baylıg`ın bildiriwde ja`ne bir so`z shaqabının` substantivlesiw qubılısına toqtap wo`tiwge boladı. Wolar –
feyil so`zler.

Qaraqalpaq tilindegi kelbetlik feyillerdin` substantivlesiwin teren` ha`m arnawlı izertlep, A`.Aymurzaeva bılay dep jazadı:

«Kelbetlik feyiller atlıqlar menen de ulıwmalıq belgilerge iye. A`sirese, kelbetlik feyildin` - g`an// - gen, - qan // - ken, - ar// - er, - r; - ıwshı // - iwshi, - wshı // - wshi; - ıwlı // - iwli, - wlı // - wli formaları atlıqqa jaqın. So`ylesiwde bul formalar jiyi substantivlesedi.

Bul jag`dayda wolar:

1. Atlıqlar sıyaqlı seplenedi, tartımlanadı ha`m ko`plik affiksin qabıllaydı, ha`reketin` juwmag`ın ha`m iyesin bildiredi.

2. Ga`pte anıqlawısh, baslawısh, tolıqlawısh ha`m pısıqlawısh xızmetlerin atqaradı;

3. Ushın, sayın, sheyin, keyin, son`, go`re, beri, bergi ha`m t.b. tirkewishleri ha`m aldı, artı ha`m t.b. ko`mekshi atawıshları menen dizbeklesedi.»[13] Ilimpaz bul miynetinde wo`zinin` ilimiy pikirlerin tastıyıqlap, da`liyllep ko`rsetiwde ko`plegen mısallardı naqıl-maqallardan alıp bergenligi de wolardın` naqıl-maqallar tilinde wo`nimli ushırasatug`ının ko`rsetedi.

Solay yetip, qaraqalpaq tilindegi feyil so`zlerden, a`sirese, kelbetlik feyil formasındag`ı so`zlerdin` ko`birek substantivlesetug`ının ko`riwge boladı. Wolar naqıl-maqallar tilinde tek substantivlesip qollanılıp qalmastan, antonim sıpatında qarama-qarsı qoyıladı. Mısalı:

Kelgen da`wlet,
Ketken miynet. (25-bet)

Jılag`andı sorama, wo`lgeni bardı,
Ku`lgendi sorama, bilgeni bardı. (91-bet)

Alıwshı mal tanısa,
Satıwshıg`a ne turıs. (77-bet)

Bunda kelgen ha`m ketken so`zleri atlıqtın` wornına jumsalıp, adam ma`nisin bildirip tur. Kelgen ha`m ketken kelbetlik feyil formasındag`ı feyil so`zler seplik forması boyınsha alıp qarag`anda ataw sepliginde turg`anlıg`ı belgili. Bul - gen ha`m - ken formasında kelbetlik feyiller kel ha`m ket tu`bir formasının` antonimiyası menen de qarama-qarsı ma`nilerdi sıpatlaydı, adamdı an`latıp kelgenligi kontekstten ayqın belgili bolıp tur. Bul naqılda jılag`an, wo`lgen, ku`lgen, bilgen so`zleri substantivlesken kelbetlik feyiller bolıp yesaplanadı. Jılag`andı sorama, wo`lgeni bardı, Ku`lgendi sorama, bilgeni bardı tu`rinde du`zilgen ga`pte, yag`nıy naqılda jılag`andı ha`m ku`lgendi degen so`zler antonim

---

[13] Аймурзаева Ә. Қарақалпақ тилиндеги келбетлик ҳәм келбетлик фейиллердиң субстантивлесиўи. Нөкис, «Билим», 1992, 41-бет.

atlıqlar bolıp, wolar kelbetlik feyildin` substantivlesiwinen bolg`an, yekewi de atlıqtın` kategoriyaları menen tu`rlenip kelgen. Jılag`andı ha`m ku`lgendi kelbetlik feyili - dı// - di formasındag`ı tabıs sepliginde tur. Wolar da adamdı bildirip kelgen.

Yekinshi mısal da - g`an // - gen formasında kelgen kelbetlik feyillerdin` wo`nimli substantivlesip qollanılatug`ınının` bir da`liyli sıpatında ko`rinedi. U`shinshi mısaldag`ı alıwshı ha`m satıwshı kelbetlik feyilleri de substantivlesip, adamdı bildirip tur.

Bar ha`m joq so`zleri tastıyıqlaw ha`m biykarlaw ma`nilerin bildiriwi menen qarama-qarsı turadı. Wolar naqıl-maqallarda substantivlesip ha`m wo`zinin` tiykarg`ı ma`nilerinde jumsaladı. Bunda wolar atlıq wornına wo`tip seplik qosımtaları menen qollanıladı. Mısalı:

Bardın` qa`diri joq. (103-bet)

Tastıyıqlawshı ha`m biykarlawshı so`zler ko`pshilik jag`daylarda naqıl-maqallarda wo`nimli substantivlesip qollanıladı. Wolar pikirdi tujırımlı, ıqsham yetip jetkerip beredi. Mısalı:

Barın`dı batıp ish,

Jog`ın`dı satıp ish. (73 -bet)

Bardın` bazarı janında,

Joqtın` bazarı yadında. (74-bet)

Solay yetip, naqıl-maqalllar tilinde antonim atlıqlar bir qansha worınlarda zatlardı ma`nilik jaqtan qarama-qarsı bolg`an so`zler menen bildirip kelip, til baylıg`ın ta`miyin yetedi. Wolardın` arasında substantivlesken atlıqlar u`lken worın iyeleydi.

Qaraqalpaq fol`klorının` ko`rkem do`retpesi, xalqımızdın` su`yip woqıytug`ın shıg`arması naqıl-maqallar tilinde antonim atlıqlar ju`da` ko`plep ushırasadı. Wolar shıg`arma tilinin` ko`rkemligin payda yetiwde wog`ada u`lken a`hmiyetke iye.

Ulıwma, naqıl-maqallar tilinde antonim atlıqlar bir qansha worınlarda zatlardı ma`nilik jaqtan qarama-qarsı bolg`an so`zler menen bildirip kelip, til baylıg`ın, tujırımlılıqtı, ta`sirshen`likti ta`miyinlewge xızmet yetedi.

## 2.Antonim kelbetlikler

Kelbetlik zattın` ha`r qıylı belgilerin bildirip keletug`ın so`z shaqabı bolıp yesaplanadı. Wolar zattın` ren`in, tu`r-tu`sin, sımbatın, sapasın ha`m t.b. belgilerin bildiredi. Kelbetlikler qaraqalpaq tilindegi da`reje kategoriyasına da iye bolıp keletug`ın atawısh so`z shaqaplarının` biri bolıp yesaplanadı.

Kelbetlik so`zler tu`rli ma`nilik qubılıslar menen sıpatlanadı, kelbetlik so`zler wortasında sinonimiyalıq, antonimiyalıq, omonimiyalıq qatnaslar da boladı. Kelbetlikler ha`r qıylı belgilerdi qarama-qarsı ma`nide ko`rsetiw ushın antonimiyalıq qubılısqa iye boladı. Antonim kelbetliklerdegi bunday qa`siyet wolardın` ko`rkem shıg`armalarda wo`nimli jumsalıwına alıp keledi.

Biz pitkeriw qa`nigelik jumısımızda tallaw jasap atırg`an naqıl-maqallarda da antonim kelbetlikler usı xızmetlerdi atqarıp keledi. Mısalı:

Jaman bala o`zinen kishkeneni urıp jılatadı,

Jaqsı bala jılag`an balanı jubatadı. (88-bet)

Jaqsı qa`siyet tarasa, ol – ırıs,

Jaman qa`siyet tarasa, ol – qırsıq. (90-bet)

Keltirilgen naqıl-maqallarda jaman ha`m jaqsı kelbetlikleri bir-birine qarama-qarsı bolg`an sıpat, qa`siyetlerdi bildiretug`ın antonim kelbetlikler bolıp yesaplanadı, wolar naqıl-maqal tilinin` ta`sirli bolıwında u`lken xızmet atqaradı.

Qaraqalpaq xalıq naqıl-maqallar tili kelbetlik so`zlerge wog`ada bay bolıp keledi, wo`ytkeni, ha`r tu`rli belgi, sıpat, sın, ren` ha`m t.b. belgilerdi tu`rli zatlarg`a baylanıslı ko`rsetip beriwde kelbetlikler qollanıladı. Naqıl-maqallarda bulardan basqa da bir qansha antonim kelbetlikler jumsaladı. Mısalı:

Jaman attan jaydag`ım jaqsı,

Jaman qatınnan boydag`ım jaqsı. (55 -bet)

Jaqsı atqa bir qamshı,

Jaman atqa mın` qamshı. (56 -bet)

Mısallardag`ı jaman-jaqsı so`zleri antonim kelbetlikler bolıp yesaplanadı. Shıg`armada antonim kelbetlikler pikirdin` wo`tkirligin, ta`sirliligin payda yetiw maqsetinde jumsalg`an.

Biz pitkeriw qa`nigelik jumısımızdın` antonim atlıqlar degen bo`liminde jaman ha`m jaqsı so`zlerinin` antonimiyası haqqında aytqan yedik. Bul kelbetlikler substantivlesip qollanıw menen birge kelbetlik sıpatında wo`zinin` tiykarg`ı belgi ma`n`isin an`latıp kelip te antonim bolıp wo`nimli jumsalıwı menen ajıralıp turadı ha`m naqıl-maqallar tilinde u`lken worındı iyeledi. Mısalı:

Ju`yrik at shaban bolmas,

Jaqsı adam jaman bolmas. (58 -bet)

Adamnın` wo`zi jaman emes,

Tili jaman. (85-bet)

Jaqsı qatın yerin yer qıladı,

Jaman qatın qara jer qıladı. (88-bet)

Naqıl-maqallar tilinde jaman kelbetlikgi jan`a atlıg`ı menen antonimlik ma`nide go`ne degen ma`nini de an`latıp qollanılg`anın ko`riwge boladı. Mısalı:

Jan`a ko`rpe, jan`a dastıq,

Jatqarmaydı da`wlet tasıp,

Jaman ko`rpe, jaman dastıq,

Jatqaradı qırsıq basıp. (93-bet)

Qaraqalpaq xalıq naqıl-maqalları tilindegi paydalanılg`an antonim kelbetliklerdi morfemalıq jaqtan alıp qarag`anda wolardın` arasında tu`bir kelbetlikler menen birge do`rendi kelbetliklerdin` de bar yekenin, wolardın` antonimlik sıpatta qollanılg`anın ko`remiz. Mısalı:

Ko`z qorqak, qol batır. (24-bet)

Qawınnın` pa`legni ashshı,

Tu`ynegi dushshı. (35 -bet)

Eshektin` yeti haram,
Ku`shi hadal. (47 -bet)
Qazannan qara na`rse joq,
Ishsen` qarnın` toydırar.
Qardan da aq na`rse joq
Uslasan` qolın` ton`dırar. (92-bet)

Berilgen mısallardag`ı ashshıı ha`m dushshı, haram ha`m hadal, aq ha`m qara, pu`tin ha`m jartı so`zleri antonim kelbetlikler bolıp yesaplanadı. Wolar tu`bir so`zler tu`rinde kelip, ma`nisi jag`ınan qarama-qarsı bolıp keledi.

Atap wo`tkenimizdey, naqıl-maqallar tilinde do`rendi kelbetlikler de ko`plep ushırasadı, wolar tildin` ta`sirli ha`m ko`rkem bolıwın pada etedi. Mısalı:

A`depki so`zin`di ras ayt,
Son`g`ı so`zin`e inanbag`a jaqsı,
A`depki qızın` jaqsı bolsa,
Son`g`ı qızın`dı almag`a jaqsı. (99-bet)
Qıysıq adam du`ziw joldı izlemes,
Du`ziw adam qıysıq joldı go`zlemes. (81-bet)
Qurg`aq ag`ash janar-so`ner,
Jas ag`ashtan hasıl o`ner. (37 -bet)

Birinshi ko`rsetilgen naqılda a`depki ha`m son`g`ı do`rendi kelbetlikleri antonim bolıp qollanılg`an. Bul do`rendi kelbetliklerdin` tu`birleri a`dep ha`m son` degen qarama-qarsı ma`nidegi waqıt ma`nisin bildiretug`ın ra`wishler bolg`an. Wolarg`a - ki ha`m - g`ı kelbetlik jasawshı affikslerdin` qosılıwı menen a`depki ha`m son`g`ı do`rendi kelbetlikleri jasalg`an ha`m wolar belgi ma`nisin bildiretug`ın kelbetliklerdi jasap ja`ne bir-birine qarama-qarsı qoyılıp, antonim kelbetlikler sıpatında naqıl-maqal tilinde wo`z wornı menen ta`sirli padalanılg`an.

Yekinshi mısallardag`ı qıysıq ha`m du`ziw do`rendi kelbetlikleri de belgi ma`n`isin bildiredi, wolar ma`nilik jaqtan qarama-qarsı, antonim kelbetlikler bolıp yesaplanadı ha`m naqılda ta`sirlilik payda yetiwde qatnasadı. Al, u`shinshi

mısaldag`ı qurg`aq do`rendi (yamasa qatnaslıq) kelbetligi menen jas tu`bir (yamasa sapalıq) kelbetligi antonim boladı.

Qaraqalpaq naqıl-maqallarında kelbetlikler ko`plep paydalanıladı, bir naqıldın` wo`zinde de bir neshe antonim kelbetliklerdin` qollanılıwın ko`riwge boladı. Mısalı:

Ash adamg`a sıyırdın` shaqı da jumsaq,

Toq adamg`a qoy go`shide qattı. (62 -bet)

Bul naqılda ash kelbetligi menen toq kelbetligi antonim bolıp kelse, usı naqıldın` wo`zinde jumsaq penen qattı kelbetligi de antonim bolıp, wo`zine ta`n ta`sirlilik payda yetkenligi ko`rinedi.

Ulıwma, naqıl-maqallar tilinde kelbetlikler de wo`nimli qollanıladı, wolar substantivlesip atlıq so`z shaqabının` wornına da ko`p jumsaladı. Naqıl-maqallar tiline kelbetlikler ta`sirlilik, ıqshamlıq qosadı, zatlardın`, adamlardın` ha`r qıylı belgilerin, sapasın, qa`siyetin ha`m t.b. bildirip kelip, so`ylewdi wo`tkir ha`m ko`rkem yetip ko`rsetedi.

## 3. Antonim ra`wishler

Qaraqalpaq tilindegi ra`wish so`zlerdi arnawlı izertlep, J.Yeshbaev bılay dep jazadı: «Ra`wish – basqa so`z shaqaplarınan bir qansha belgileri menen ayırılıp turatug`ın wo`zinshe bir so`z shaqabı. Ra`wishler ha`r tu`rli formalarda qa`liplesip, ha`r qıylı leksika-grammatikalıq ma`nilerge iye. Ma`selen, wolardın` ko`bisi yeski zamanlardan-aq ha`zirgi ra`wish ma`nisinde qa`lipleskenligi, al bir qanshaları berregirekte, ja`ne birewlerinin` ma`nilik jaqtan basqa basqa so`zlerdin` wo`z-ara birigiwi arqalı jan`a qa`liplesiw halına kelgenligi ko`rinedi». Sonday-aq ra`wish penen atlıqtın`, ra`wish penen kelbetliktin` wortasında bolatug`ın jaqınlıqlar menen geypara shataslıqlarg`a toqtap, ra`wishtin` tiykarg`ı leksika-grammatikalıq wo`zgesheliklerin ko`rsetip beredi ha`m ra`wishti «Is-ha`reket belgisin (feyildin`) yamasa belginin` belgisin (kelbetliktin` ha`m ra`wishtin`)

ko`rsetip, ga`pte, tiykarınan, pısıqlawısh ag`za bolıp keletug`ın so`z shaqabına ra`wish deymiz»[14] dep anıqlaydı. Usı wo`zgeshelikler menen sıpatlanatug`ın ra`wish so`z shaqabı wo`zinin` leksika-semantikalıq ayrıqshalıqları menen de ajıralıp turadı.

Qaraqalpaq tilindegi ra`wish kelbetlik so`zlerge de jaqın bolıp keledi. Wolar da belgini bildiredi, yag`n`ıy is-ha`rekettin` yamasa belginin` belgisin bildirip keledi ha`m da`reje kategoriyasına iye boladı. So`z shaqaplarına ta`n bolg`an leksika-semantikalıq qubılıslardan ra`wish so`zlerge antonimiya qubılısı da ta`n bolıp keledi. Naqıl-maqallarda antonim ra`wishler de jiyi qollanılg`anın bir qansha mısallardan ayqın ko`riwge boladı:

Yerte bilmegen kesh bilmes,
Kesh bilmegen hesh bilmes. (106-bet)
Diyqandiki jılda a`rman,
Balıqshıniki ku`nde a`rman. (35 -bet)

Keltirilgen naqıl-maqallarda waqıt ma`nisin bildiretug`ın yerte ra`wishi menen kesh ra`wishi antonim bolıp yesaplanadı. Sonday-aq, jılda menen ku`nde so`zleri de waqıtlıq jaqtan da, ma`nilik jaqtan da qarama-qarsı tu`siniklerdi bildirgenlikten, biz wolardı antonim ra`wishler sıpatında ko`rsettik.

Naqıl-maqallarda antonim ra`wishlerdin` qollanılıwın basqa da mısallar tiykarında ko`rsetiwge boladı:

Ashıw aldınan keledi,
Aqıl son`ınan keledi. (103-bet)
Asılsan` ba`lentke,
Jıg`ılsan` pa`ske. (104-bet)
Bu`gingi isti yerten`ge qoyma. (104-bet)
Ku`nnin` batısına ju`rme,
Tan`nın` atısına ju`r. (108-bet)

---

[14] Ешбаев Ж. Қарақалпақ тилинде рәўиш. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1976, 12-14-бетлер.

Bul naqıl-maqallarda aldınan ha`m son`ınan, ba`lentke ha`m pa`ske, bu`gingi ha`m (kelbetlik, ra`wishten jasalg`an) yerten`ge, ku`nnin` batısına ha`m tan`nın` atısına ra`wishleri waqıt ha`m orın jag`ınan qarama-qarsı bolg`an belgilerdi ko`rsetip antonim boladı.

Naqıl-maqallarda ra`wishlerdin` ma`nisi ha`m qurılısı boyınsha barlıq tu`rleri qollanıla beredi. Mısalı:

Tu`sin`de qorqsan`,
Wo`n`in`de quwanasan`. (108-bet)

Qattı ju`rgen jerin`e,
A`ste ju`rsen` de barasan`. (115-bet)

Tiride sıylamag`an ag`ayin,
Wo`lgende jılamaydı. (121-bet)

Tiride tatıwı joqtın`,
Wo`lgende ashıwı joq. (121-bet)

Ko`p ha`m az mug`dar-da`reje ra`wishleri atınan ko`rinip turg`anınday mug`darı jag`ınan qarama qarsı bolg`an belgini bildiredi. Bul ra`wishler naqıl-maqallarda atlıq ha`m kelbetlik, sonday-aq feyil so`zler menen dizbeklesip keledi. Mısalı:

Qonaq az otırıp ko`p sınaydı. (127-bet)

Ko`p bilgen az so`yler,
Az so`ylese de saz so`yler. (160-bet)

Bul mısallardın` birinshisinde otırıw feyilinin` mug`darlıq belgisin az ra`wishi bildirip kelip, sınaydı degen is-ha`reketti bildirip kelip turg`an feyildin` mug`darlıq belgisin ko`rsetetug`ın ko`p ra`wishine qarama-qarsı ma`nide turıp, antonim ra`wishler payda yetilgenin aytıp wo`tiwge boladı. Bul is-ha`reketlerdin` belgileri mug`darı jag`ınan birine biri qarama-qarsı keliwi arqalı pikirdin` anıq berilgenin ko`remiz.

Yekinshi berilgen naqılda da mug`dar ma`nisin bildirip keletug`ın ra`wish qollanılıp, da`slepki mısaldan wo`zgesheligin sonnan ibarat, wolar biliw ha`m

so`ylew degen ha`r qıylı is-ha`reketlerdin` mug`darlıq belgilerin az ha`m ko`p ra`wishleri arqalı qarama-qarsı qoyıw menen birge, birdey is-ha`rekettin` yag`nıy so`ylew degen feyildin` mug`darlıq belgisin qarama-qarsı qoyıw arqalı da kontrastlıq payda yetilip, pikirdin` ta`sirli bolıwı ju`zege keledi.

Qaraqalpaq naqıl-maqallarında usı ra`wishtin` wo`nimli qollanılıwın ushıratamız. Bul pikirimizdi to`mendegi naqıl-maqallarda paydalanılg`an az ha`m ko`p ra`wishleri da`liylleydi. Bunda wolar ha`r qıylı so`z shaqaplarının` xızmetlerine de wo`tip jumsala beredi:

Ko`p penen jegen as bolar. (26-bet)

Ko`pke juwırg`an,

Azdan bos qaladı. (27-bet)

Ko`p jumısqa qıynalsan`,

Mashaqatqa tap bolarsan`,

Azg`a qanaat etpesen`,

Og`an da zar bolarsan`. (27-bet)

Buray-buray qar jawsa,

Boran attı o`ltirer,

Az adam ko`p adamdı,

U`lken oyg`a shu`mdirer. (39 -bet)

Eki tın`la, bir so`yle,

Az so`yle, ko`p tın`la. (160-bet)

Solay yetip, qaraqalpaq tilindegi atnonimiya qubılısı ra`wish so`z shaqabı ushın da ta`n. Is-ha`rekettin` belgilerin bildirip kelip, olar qarama-qarsı belgilerdi de ko`rsetip turadı. Antonim ra`wishler de naqıl-maqallar tilinde belgili bir stil`lik za`ru`riyatqa muwapıq qollanılg`anın ko`riwge boladı. Mısalı:

Keshiw keshsen` burın kesh,

Ilay bolar izgisi. (130-bet)

Erte bilmegen kesh bilmes,

Kesh bilmegen hesh bilmes. (106-bet)

Bul mısallarda keshiw, bilmew feyilleri bildirgen is-ha`reketlerdin` qarama-qarsılıq belgileri burın, izgi (do`rendi kelbetlik, ra`wish ma`n`ili keyin so`zi menen sinonim iz so`zinen jasalg`an) ja`ne yerte ha`m kesh antonim ra`wishleri arqalı bildirilgen. Bul ra`wishlernaqılda wo`z wornı menen ta`sirli paydalanılg`an.

Qaraqalpaq xalıq naqıl-maqallarında ra`wishler qurılısı jag`ınan alıp qarag`anda dara tu`rinde de, juplasıp ta keledi. Mısalı:

Awıl-u`ydin` qonag`ı,

Ayda-jılda bir keledi. (140-bet)

Qattı ju`rgen jerin`e a`ste-aqırın da barasan`. (91-bet)

Atar tan`g`a ju`rsen` de,

Batar ku`nge ju`rme. (91-bet)

Bul mısallarda berilgen ayda-jılda, a`ste-aqırın ra`wishleri morfemalıq quramı jag`ınan tallap qarag`anda jup ra`wishler bolıp yesaplanadı. Ayda-jılda bir keledi degen qatarda waqıtlıq jaqtan jup ra`wish ra`wishlik xızmette kelgen bir sanlıg`ı menen qarama-qarsı ma`nide tur. Atar tan`g`a ha`m batar ku`nge degende usı ju`riw feyili bolımlı ha`m bolımsız formada kelip, usıg`an sa`ykes waqıt ma`nisindegi qospa ra`wishler de qarama-qarsı ma`nini bildiredi.

Naqıl-maqallar tilinde bulardan basqa da bir qansha antonim ra`wishler ushırasadı. Mısalı: aldınan so`zi son`ınan, o`lide so`zi tiride, aların`da so`zi bererin`de, uzın so`zi qısqa, az so`zi ko`p so`zi menen antonim ra`wishlerdi payda etedi.

Ashıw aldınan keledi,

Aqıl son`ınan keledi. (103-bet)

Ag`ayin birde o`lide, birde tiride. (146-bet)

Aların`da alım bolıp,

Bererin`de zalım bolma. (147-bet)

Ag`ash kessen` uzın kes,

Temir kessen`, qısqa kes. (149-bet)

Uzın so`z qısqa bolmas,

U`lgisiz usta bolmas. (150-bet)

Az aytqan menen qoyılmaydı,

Ko`p aytqan menen suyılmaydı. (156-bet)

Juwmaqlap aytqanda, ra`wish so`zler de naqıl-maqallar tilinde antonimlik xızmetlerde wo`nimli jumsalg`an. Wolar an`lataug`ın waqıtlıq, mug`darlıq, sınlıq, orınlıq ha`m t.b. belgileri jag`ınan qarama-qarsı bolıp keledi. Naqıl-maqallar tilinin` obrazlı, anıq bolıwına xızmet yetedi.

II Bap Naqil-maqallarda feyil ha`m predikativ so`zler antonimiyası

Basqa da tillerdegi sıyaqlı qaraqalpaq tilinde de ken` tarqalg`an ma`nilik qubılıslardın` biri antonimiya bolip ykesaplanadi. Bul ma`nilik qarama-qarsılıq arqalı pikir bildirilgende, tiykarinan, obrazlılıq payda yetiledi. Bunda zat yamasa qubilistin` atamasi yaki is-ha`reket wog`an qanday da bir ta`repi menen qarama-qarsı bolg`an yekinshi bir zat yamasa qubilisin` atamasi yamasa is-ha`reket penen qarsı qoyıladı.

Qaraqalpaq tilindegi so`z ma`nileri qubılısları arasında antonimler pikirdi ta`sirli yetip jetkeriwde belgili bir xizmet atqarip kiyatirg`an qubılıs sipatinda belgili. Wolar naqıl-maqallar tilinde ko`p ushırasadı. Naqil-maqallar az so`z benen ko`p, tujirimli ma`ni beretug`in bolg`anliqtan, so`zler qarama-qarsı ma`nide wo`nimli qollaniladi. So`z shaqaplarina qatnasi jag`inan naqil-maqallarda qollanilg`an antonimler ha`r qıylı bolatug`ının ko`rsetip, wolardan atawısh so`z shaqaplarının` antonimiyasın so`z yetken yedik. Sonın` menen birge, naqıl-maqallar tilinde qollanılg`an antonimler is-ha`reket ma`nisin bildirip keledi, sonday-aq, tastıyıqlaw ha`m biykarlaw ma`nileri menen qarama-qarsı boladı. Usı wo`zgesheliklerine qaray naqıl-maqallardag`ı antonimlerdi ja`ne de antonim feyiller ha`m bar, joq so`zlerinin` antonimiyası dep bo`lip, wolardın` ha`r birine wo`z aldına ayırım bo`limlerde tallaw ju`rgizbekshimiz.

**1. Antonim feyiller**

Ha`zirgi qaraqalpaq tilinin` so`zlik quramınan worın alg`an leksikaliq birliklerdin` qatarında qarama-qarsı ma`nilerde jumsala alatug`in so`zlerdin` bir toparı is-ha`reket ma`nisin bildirip keletug`ın so`zler yag`nıy feyiller bolip yesaplanadi. Ma`nili so`z shaqaplari ko`mekshi so`z shaqaplarina salistirip qarag`anda sani jag`inan da, ko`lemi, grammatikaliq qategoriyalarg`a baylig`i,

leksika-grammatikaliq jaqtan ko`pshilikti qurawı menen ayrilip turadi ha`m bunda feyil so`zler u`lken worın tutadı. Haqıyqatında da, ha`r qanday stil tu`rinde yamasa ko`rkem shıg`arma tilinde feyildin` qollanılıwı wo`nimli sıpatqa iye bolıp keliwi menen belgili. Feyil so`zler ha`r qıylı ma`nilerde qollanıla beredi. Wolar biz tallaw jasap atirg`an naqil-maqallarda da qarama-qarsı ma`nilerdi bildirip, jiyi qollanilıwı menen ajıralıp turadı. Misali:

Abısın ag`arıp aldıma tu`spesin,

Qarayıp keynimde qalmasın. (132-bet)

Qara qoydın` terisi,

Sabınlap juwsan` da ag`armas. (48 -bet)

Keltirilgen maqallarda feyil so`zler bildirip kelgen qarama-qarsı ma`niler xaliqqa burınnan tanıs bolg`an tu`sinikler menen baylanıslı. Wolardin` ma`nileri qarama-qarsı. Aq ha`m qara kelbetliginen - y feyil jasawshı qosımtanın` jalg`anıwı menen jasalg`an do`rendi feyiller antonimiyası bolıp yesaplanadı. Wo`z-ara qarsı ma`niler ag`arıw ha`m qarayıw feyilleri an`latqan is-ha`reketti bildirip tur.

Feyil qaraqalpaq tilinin` morfologiyalıq sistemasında u`lken worın iyeleytug`ın so`z shaqabı bolıp, wol is-ha`reketti bildiriwde antonimlik sıpatqa iye bolıp keledi. Feyil so`zlerdegi bul imkaniyat wolardın` ko`rkem shıg`armalarda, sonın` ishinde, fol`klorlıq shıg`armalarda qollanılıwına mu`mkinshilik beredi. Sonlıqtan, biz tallaw jasap atırg`an naqıl-maqallarda da antonim feyillerdin` wo`nimli qollanılg`anın ko`riwge boladı. Mısalı:

Bersen` alarsan`,

Eksen` orarsan`. (32 -bet)

Ne eksen`, sonı orarsan`,

Ne bersen`, sonı alarsan`. (34 -bet)

Bersen` alasan`,

Barsan` ko`resen`. (131-bet)

Tilde feyiller, tiykarınan, is-ha`reketti bildiretug`ın so`zler bolıp yesaplanadı. Feyil qaraqalpaq tilindegi tiykarg`ı ha`m yen` u`lken so`z shaqaplarının` biri. Feyil so`z shaqabında antonimiya qubılısı wog`ada a`hmiyetli

qubılısı sıpatında belgili. Is-ha`reketlerdi antonim feyiller tu`rli ren`kler menen sıpatlap ko`rsetiwde u`lken mu`mkinshiliklerge iye. Mısalı:

Jılay-jılay jap qazsan`,
Ku`le-ku`le suw ishersen`. (34 -bet)

Bunda feyiller ta`kirar so`z tu`rinde qollanılıp, is-ha`reket belgisin ku`sheytip ko`rsetiw ushın paydalanılg`anın ko`riwge boladı. Yeger wonın` jılay yamasa ku`le tu`rinde dara so`z halında paydalang`anda bunday ta`sirlilik, ma`ni wo`tkirligi berilmegen bolar yedi.

Feyil qaraqalpaq tilinin` so`z shaqapları sistemasında wo`zinin` bir qansha kategoriyalarına iye u`lken so`z shaqabı bolıp, wol leksika-semantikalıq ha`m leksika-grammatikalıq ayrıqshalıqlarına iye bolıp keledi. Bir qansha kategoriyalarg`a iye bolıwı menen de belgili worın iyeleytug`ın feyil so`zler is-ha`reketti bildiriwde sinonimlik sıpatqa iye bolıw menen birge, wonda antonimiya qubılısına da bar. Feyil so`zlerdegi bul wo`zgeshelik wolardın` fol`klorlıq shıg`armalarda, sonın` ishinde, naqıl-maqallarda da jiyi qollanılıwına alıp keledi. Mısalı:

Ko`shkende ko`lik tiymegen,
Qong`anda minip otıradı. (44-bet)

Bunda ko`shkende ha`m qong`anda feyillerinin` qarama-qarsı qolyılıwı seziledi. Ko`shkende feyili toplam ishinde kelgen.

Ku`ndelikli turmistin` ha`r qiyli tarawlarinda til arqali qarim-qatnas jasawda naqil-maqallar wo`nimli qollanilatug`ini belgili. Wolar so`ylewshi ta`repinen aytilip atirg`an oy-pikirdi tastiyiqlaw ushin u`lken xizmet atqaradi. Sonin` menen birge, naqil-maqallardin` quraminda so`z shaqaplari boyinsha tallap qarag`anda feyil so`zler ko`p ushirasatug`ini ma`lim boldi. Wolar tuwra ma`nileri menen ha`r qiyli is-ha`reketlerdi bildirip keledi. Al, wolardın` arasında awispali ma`nidegi kelgen feyiller de bar. Antonim feyiller naqil-maqallar an`latqan ma`nilerdi ja`ne de ta`sirli yetip jetkerip beredi. Misali:

Ashıw menen qartaysan`,
Ku`lki menen jasarasan`. (88-bet)

Ha`zirgi qaraqalpaq tilindegi yen` u`lken, grammatikaliq kategoriyalarg`a bay so`z shaqaplarinin` biri feyil bolip, wol is-ha`reket ma`nisin bildirgende antonimler arqalı ma`ni wo`tkirligin payda yetedi.

Feyil ko`rkem shig`armalarda jiyi qollaniladi. Qaraqalpaq tilinde do`regen shig`armalarda, sonday-aq, naqıl-maqallarda ko`plegen feyil so`zler antonim sıpatında jumsalip, pikirdin` wo`tkir, ta`sirli boliwin ta`miyin yetedi, obrazliliq do`retedi.

Naqil-maqallar az so`z benen teren` ma`ni an`latatug`in bolg`anliqtan, wolarda antonim feyiller de u`lken worin iyeleydi. Misali:

Tu`sin`de qorqsan`,

Wo`n`in`de quwanasan`. (108-bet)

Naqil-maqallarda bir neshe so`zler menen ha`m so`z dizbekleri menen du`zilgen ga`pler an`latqan teren` ma`niler bar. Wolardan antonimlik qatnasta kelgen feyillerdin` qollaniliwina itibar berip ko`reyik:

Dushpan ku`ldirip aytadı,

Dos jılatıp aytadı. (87-bet)

Woynasa botası jen`edi,

Shıntlasa atası jen`endi. (62 -bet)

Birinshi mısalda ku`ldirip ha`m jılatıp antonimleri feyil so`zler bolıp, wolar hal feyil formasında kelgen. Yekinshi mısalda bolsa woynasa ha`m shıntlasa sha`rt meyil formasındag`ı so`zler antonim sıpatında jumsalg`an. Al, kelbetlik feyil foormasındag`ı feyiller ko`pshilik jag`daylarda substantivlesip qollanıladı. Mısalı:

Tapqan birewin soyadı,

Tappag`an ekewin soyadı. (49 -bet)

Kelgen da`wlet,

Ketken miynet. (25-bet)

Antonim feyiller naqıl-maqallarda toplamlar quramında da jumsaladı. Mısalı:

Ilgeri baratırg`an balanı,

Keyin qaytqan g`arrı qaytaradı. (87-bet)

Ilgeri baratırg`an degen kelbetlik feyil toplamındag`ı baratırg`an feyili menen keyin qaytqan degen kelbetlik feyil toplamındag`ı qaytqan feyili bir-birine qarama-qarsı is-ha`reketlredi bildirip keliw menen birge, teren` tu`sinikti, adamnın` jas wo`zgesheligi arasındag`ı parqtı da ko`rsetip, naqıl-maqaldın` ta`sirliligin payda yetiw quralı sıpatında xızmet atqaradı.

Naqıl-maqallarda antonim feyiller is-ha`reketti tu`rli ma`nide sıpatlap ko`rsetiwge qaratıladı. Antonim feyiller bir ha`reketti ma`nisi boyınsha qarama-qarsı yekinshi bir so`zler arqalı ko`rsetip beredi, is-ha`reketlerdi emotsional`-ekspressivlik boyawlar menen bildirip keledi. Bul arqalı naqıl-maqallar tilinin` bay yekenligi de ayqın ko`rinedi. Mısalı:

Ku`yewdin` qalın`ın ber de,
Ku`shin al. (129-bet)

Qurg`aq ag`ash janar-so`ner,
Jas ag`ashtan hasıl o`ner. (36 -bet)

Bul mısallardag`ı antonim feyillerdin` da`slepki toparı yag`nıy ber ha`m al feyilleri de janapaylıq xızmettegi da`neker so`zi menen ma`nilik jaqtan ku`sheytilip berilgen bolsa, janar-so`ner antonimleri juplasıp kelgen feyiller arqalı berilip, maqalda wo`zine ta`n ma`nilik wo`tkirlik, ta`sirlilik jaratadı.

Solay yetip, naqıl-maqalarda antonim feyiller u`lken a`hmiyet iyelep, naqıl-maqallar tilinin` ta`sirli, wo`tkir, obrazlı bolıwı ha`m xalıqqa tu`sinikliligi ushın u`lken xızmet atqaradı.

## 2. Bar, joq so`zleri (predikativler) antonimiyası

Qaraqalpaq tilindegi so`z shaqapları arasında ja`ne bir so`z shaqabının` ayrıqsha wornı bar, wol predikativ so`zler bolıp yesaplanadı.

«Bayanlawıshlıq xızmette qollanılatug`ın so`zler bayanlawıshlıq so`z shaqabı (predikativvler) [1] dep ataladı. Bayanlawıshlıq so`z shaqabının` toparın bar, joq, kerek, za`ru`r, da`rkar, tiyis, lazım so`zleri quraydı. Wolar qollanılıw

ma`nisin qaray yekige bo`linedi: barlıq / joqlıq ma`nili so`zler ha`m minnetlilik ma`nili so`zler.

**128. Barlıq / joqlıq bayanlawıshlıq so`zleri.** Bul tiptegi bayanlawıshlıq so`zlerdin` toparın bar, joq so`zleri qurap, wolar wo`z aldına barlıq yamasa joqlıq ma`nilerdi an`latadı ha`m bayanlawıshlıq xızmet atqaradı: Ha`rekette bereket bar (naqıl). Portfeldin` mayda zatlar salatug`ın qaltası da bar. (Sh.A.) Qusta su`t joq, jılqıda wo`t joq (naqıl »)[15]

Demek, qaraqalpaq tilindegi basqa so`z shaqapları quramında qaralıp kelgen bar ha`m joq so`zleri yendi predikativler yamasa bayanlawıshlıq xızmettegi so`zler degen atama menen bo`linip alınıp, wo`z aldına bo`lek so`z shaqabı sıpatında qarala basladı.

Naqıl-maqallar tilinde predikativler yamasa bayanlawıshlıq xızmettegi so`zler de wo`nimli paydalanıladı.

A.Bekbergenov: «Antonimlerdegi qarama-qarsılıq, kontrastlıq ma`ni awızeki xalıq tvorchestvosında (naqıl-maqallarda, jumbaqlarda, yerteklerdin` baslamalarında) ko`rinedi dep jazadı ja`ne wo`zinin` pikirlerine mısallar keltirip, «xalıq yerteklerinin` baslamasında» keletug`ının to`mendegi mısallar arqalı ko`rsetedi:

Bir bar yeken, bir joq yeken,
Ash yeken de, toq yeken ha`m tag`ı basqalar.» [16] Bunday ma`nilik wo`zgeshelikler bar, joq so`zlerinin` naqıl-maqallar tilinde qollanılıwında da ko`rinedi: Mısalı:

Mın` tilla bardın` kisesinde,
Joqtın` awzında. (74-bet)
– O`lim, qayda barasan`?
– Bardın` malın shashaman,
Joqtın` abıroyın ashaman. (59 -bet)
Bar jerinde pal arzan,
Joq jerinde qurı a`rman. (74-bet)

---

[15] Дәўлетов А., Дәўлетов М. , Қудайбергенов М.Ҳазирги қарақалпақ әдебий тили. Нөкис, «Билим», 2010, 207-бет.
[16] Бекбергенов А. Қарақалпақ тилиниң стилистикасы. Нөкис, Қарақалпақстан», 1990, 26-бет.

Ag`ayin, bar bolsan`, ko`re almaydı,

Joq bolsan`, bere almaydı. (117-bet)

Bul naqıl-maqallarda bar ha`m joq predikativleri ha`r qıylı ma`nilik ha`m grammatikalıq wo`zgeshelikler iye bolıp, wo`z-ara bir-biri menen qarama-qarsı ma`nide kelip, tildin` ta`sirliligin payda etkenligin ko`remiz.

Ulıwma, predikativler yamasa bayanlawıshlıq xızmettegi so`zlerdin` qollanılıwı da naqıl-maqallar tilindegi antonimiya qubılısına qatnaslı bir wo`zgeshelik bolıp yesaplanadı.

## Juwmaq

Qaraqalpaq fol`klorı baylıg`ı, janrlıq wo`zgeshelikleri, ko`p a`sirlik tariyxı menen belgili. Wonda naqıl-maqallar janrlıq wo`zgeshelikleri jag`ınan kishi ko`lemli shıg`arma bolıp, tili ta`sirli ha`m wo`tkir bolıp keledi. Wonda antonimler de jumsaladı. Naqıl-maqallar ko`lemi jag`ınan da, mazmunı jag`ınan da qısqa ha`m tujırımlı bolıp, obrazlı sıpattag`ı, tujırımlı ma`nidegi tillik mu`mkinshilikleri menen sıpatalanadı. Naqıl-maqallar tilinin` wo`zine ta`n leksikalıq belgileri, ayrıqshalıqları wolardın` basqa janrlardan ajıratıp turatug`ın bir belgi bolıp yesaplanadı.

Pitkeriw qa`nigelik jumısımızda qaraqalpaq xalıq naqıl-maqalları tilinde qollanılg`an antonimler izertlew ob`ekti sıpatında tan`lap alınıp, a`debiy til stilinen parqlanatug`ın fol`klorlıq u`lgilerinin` biri sıpatında u`yrenilip, antonimlerdin` naqıl-maqallar tilindegi stillik wo`zgeshelikleri ashıp berildi.

Qaraqalpaq xalqının` u`lken baylıg`ı yesaplang`an naqil-maqallar – qaraqalpaq tilinin` mag`izi, qaymag`i dep bahalanıp, az so`z benen ko`p ma`ni beriw, ta`sirlilik usili sipatinda belgili bolg`an birlikler. Naqil- maqallarda so`zler tuwra ha`m awispali ma`nilerde keledi, bir neshe so`z shaqaplarına qatnaslı bolıp keledi. Qaraqalpaq tilindegi so`z shaqapları sistemasına tiykarlanip, biz olardi naqıl-maqallardag`ı qollanılg`an antonimlerge tallaw jasaw arqali to`mendegi juwmaqqa keldik.

Naqil-maqallarda antonimler bes so`z shaqabına sa`ykes keledi:

1. Antonim atlıqlar
2. Antonim kelbetlikler
3. Antonim ra`wishler
4. Antonim feyiller
5. Bar, joq so`zleri antonimiyası

Ilimiy a`debiyatlarda turaqli so`z dizbeklerinin` bir tu`ri – frazeologiyaliq so`zler dep atalg`an naqıl-maqallar xaliq tilinin` qaymag`i yesaplang`an, wonda antonimlerdin` qolanılıwın atawısh so`z shaqaplarınan atlıq, kelbetlik ha`m

ra`wish, sonday-aq feyil ha`m predikativ so`zler tiykarında tiykarinda wo`z aldina sa`ykes misallar tiykarinda tallaw arqali to`mendegi juwmaqlar alındı.

Qaraqalpaq tili leksikasının` so`zlik quramında antonimler wo`zine ta`n worın iyeleydi. Antonim – seslik qurılısı jag`ınnan ha`r qıylı, ma`nisi boyınsha bir-birine qarama-qarsı bolg`an so`zler. Ko`rkem shıg`arma tilinde antonimler stil`lik jaqtan a`hmiyetli xızmet atqarıp, stilistikalıq figuralardan antitezalar jasaydı ha`m aytılıp atırg`an woy-pikirge wo`tkirlik beredi.

Qaraqalpaq xalıq naqıl-maqalları tilinde antonimler wonın` so`zlik baylıg`ının` bir bo`legi. Jumısta naqıl-maqallar tilinde qollanılg`an antonim so`zlerdin` atawısh so`z shaqaplarına qatnası jag`ınan u`shke bo`linetug`ının anıqlandı:

1. Antonim atlıqlar
2. Antonim kelbetlikler
3. Antonim ra`wishler.

Bul antonimlerdin` bir-birinen wo`zgeshelikleri to`mendegishe ko`rsetildi:

**1. Antonim atlıqla**r. Qaraqalpaq tilindegi antonim so`zler arasında antonim atlıqlar u`lken topardı quraydı ha`m atlıq so`zlerdin` wo`zi menen birge substantivlesken atlıqlar arqalı bildiriledi. Ta`biyatı jag`ınan bir-birine qarama-qarsı bolg`an zatlardın` atamaların bildirip keletug`ın so`zler antonim atlıqlar naqıl-maqallarda wo`z wornı menen atqaratug`ın xızmetlerine iye bolıp, ma`nilik wo`zgeshelikleri, leksika-semantikalıq toparları, bildiriliw usılları ha`m t.b. ta`repleri menen ajıralıp turadı.

Naqıl-maqallar tilinde antonimler ha`r qıylı tematikalıq topardag`ı so`zler arqalı bildiriledi:

1. Adamlar arasındag`ı jaqınlıq, tuwısqanlıq qatnasqa baylanıslı antonim atlıqlar.

2. Adamlar arasındag`ı ha`r qıylı qarım-qatnasqa baylanıslı antonim atlıqlar.

3. Adamlardag`ı ha`r qıylı qa`siyetlerge, sıpatlarg`a, minez-qulqqa baylanıslı antonim atlıqlar.

4. Adamlardın` ha`r qıylı sotsiallıq jag`dayına antonim atlıqlar.

Naqıl-maqallardag`ı antonim atlıqlar qurılısı jag`ınan tu`bir ha`m do`rendi atlıqlardan ibarat. Qaraqalpaq xalıq naqıl-maqalları obrazlılıq, emotsional`lıq, ekspressivlik, lirizm ha`m ko`rkemlew qurallarına bay, onda antonim atlıqlar awıspalı ma`nileri menen belgili.

Substantivatsiya – qaraqalpaq xalıq naqıl-maqallarının` tilinde antonim atlıqlardın` bildiriliwinde u`lken worın iyeleydi. Naqıl-maqallarda yen` wo`nimli substantivlesip qollanılg`an birlikler kelbetlikten atlıqqa wo`tken jaqsı ha`m jaman so`zleri bolıp, olar ma`nisi jag`ınan qarama-qarsı kelip, ta`sirlilik do`retedi. Kelbetlikten basqa ra`wish ha`m feyil so`zler, sonın` ishinde, kelbetlik feyiller atlıqlasıp, naqıl-maqallarda antonim atlıqlardı payda yetedi. Bar, joq so`zleri tastıyıqlaw ha`m biykarlaw ma`nilerin bildirip, qarama-qarsı turadı ja`ne naqıl-maqallarda substantivlesip wo`tip seplik qosımtaları menen qollanıladı ha`m tildin` obrazlılıg`ın jaratıwg`a xızmet yetedi. Naqıl-maqallarda da antonimlerdin` sın`arı wo`zine ma`niles so`zler menen kelip te antonim boladı.

Ulıwma, naqıl-maqallar tilinde antonim atlıqlar bir qansha worınlarda zatlardı ma`nilik jaqtan qarama-qarsı bolg`an so`zler menen bildirip kelip, til baylıg`ın, tujırımlılıqtı, ta`sirshen`likti ta`miyinlewge xızmet yetedi.

**2.Antonim kelbetlikler.** **N**aqıl-maqallarda kelbetlikler bir-birine qarama-qarsı bolg`an sıpat, qa`siyetlerdi bildiretug`ın antonimlerdi payda yetedi. Qaraqalpaq xalıq naqıl-maqallar tili kelbetlik so`zlerge wog`ada bay, olar ha`r tu`rli belgi, sıpat, sın, ren` ha`m t.b. belgilerdi tu`rli zatlarg`a baylanıslı ko`rsetedi. Wolar tu`bir ha`m do`rendi kelbetlikler tu`rinde jumsalıp, ma`nisi jag`ınan qarama-qarsı bolıp keledi ha`m tildin` ta`sirli ha`m ko`rkem bolıwına xızmet yetedi.

Jaqsı – jaman so`zlerinin` antonimiyası kelbetliklerde de u`lken orın iyeleydi.

**3. Antonim ra`wishler.** Naqıl-maqallarda ra`wishlerdin` ma`nisi ha`m qurılısı boyınsha barlıq tu`rleri qollanıladı. Qaraqalpaq tilindegi antonimiya qubılısı ra`wish so`z shaqabı ushın da ta`n bolıp, is-ha`rekettin` qarama-qarsı belgilerin bildirip, naqıl-maqallar tilinde belgili bir stillik za`ru`riyatqa muwapıq qollanıladı ha`m ta`sirlilik, tujırımlılıq do`retedi.

**4. Antonim feyiller.** Qaraqalpaq tilindegi mug`darı, grammatikaliq qategoriyalarg`a baylig`i, leksika-grammatikaliq jaqtan ko`pshilikti qurawı menen ayrilip turatug`ın so`z shaqabı feyil wo`z-ara qarama-qarsı is-ha`reketti bildirip, wo`nı tu`rli ren`kler menen ko`rsetedi. Naqıl-maqallarda olar dara ha`m qospa feiller tu`rinde ushırasadı. Antonim feyiller naqil-maqallar an`latqan ma`nilerdi ja`ne de ta`sirli yetip jetkerip beredi. Feyil ko`rkem shig`armalarda jiyi qollaniladi. Qaraqalpaq tilinde do`regen shig`armalarda, sonday-aq, naqıl-maqallarda ko`plegen feyil so`zler antonim sıpatında jumsalip, pikirdin` wo`tkir, ta`sirli boliwin ta`miyin yetedi, obrazliliq do`retedi.

**5. Bar, joq so`zleri (predikativler) antonimiyası.** Qaraqalpaq tilinde burın basqa so`z shaqapları quramında qaralıp, keyin predikativler yamasa bayanlawıshlıq xızmettegi so`zler degen atama menen bo`linip alıng`an bar ha`m joq so`zleri jeke so`z shaqabı naqıl-maqallar worınlı paydalanıladı ja`ne naqıl-maqallar tilindegi antonimiya qubılısına qatnaslı bir wo`zgeshelik bolıp yesaplanadı. Olar da tujırımlı ma`nilerdi bildiredi.

Paydalanılg`an a`debiyatlar

1. Abdinazimov Sh. Berdaq shıg`armaları tili. Tashkent, Fan», 2006.

2. Abdinazimov Sh. Leksicheskiy sostav eposa «Kırk kız» («Sorok devushek»). AKD. Nukus, 1992.

3.Aymurzaeva A`. Qaraqalpaq tilindegi kelbetlik ha`m kelbetlik feyillerdin` substantivlesiwi. No`kis, «Bilim», 1992.

4. Baskakov N.A. Karakalpakskiy yazık. II, Fonetika i morfologiya. ch. I. M. 1952.

5. Bekbergenov A. Sinonimler ha`m antonimler. – Qaraqalpaq tili boyınsha izertlewler. No`kis, «Qaraqalpaqstan» 1971.

6. Bekbergenov A. Qaraqalpaq tilinin` stilistikasi. No`kis, «Qaraqalpaqstan» baspasi, 1990.

7. Berdimuratov E. Ha`zirgi zaman qaraqalpaq tilinin` leksikologiyasi. No`kis, «Qaraqalpaqstan», 1968.

8. Berdimuratov E. Ko`rkem a`debiyat stilinin` tiykarg`i o`zgeshelikleri. «A`miwda`r`ya», 1973, № 5.

9. Berdimuratov E. A`debiy tildin` funktsional`liq stil`lerinin` rawajlaniwi menen qaraqalpaq leksikasinin` rawajlaniwi. No`kis, «Qaraqalpaqstan» baspasi, 1973.

10. Berdimuratov E. Ha`zirgi qaraqalpaq tili. Leksikologiya. No`kis, «Bilim», 1994.

11. Da`wletov M. Ha`zirgshi qaraqalpaq tilinde feyildin` funktsinal` formalarının` sisteması. No`kis, 1990.

12.Da`wletov A., Da`wletov M., Qudaybergenov M. Ha`zirgi qaraqalpaq a`debiy tili. No`kis, «Bilim», 2010.

13. Eshbaev J. Qaraqalpaq tilinde ra`wish. No`kis, «Qaraqalpaqstan», 1976.

14.Qudaybergenov M. Qaraqalpaq tilindegi antonimler. - QMU jas ilimpazları ha`m qa`nigelerinin` V ilimiy-teoriyalıq konferentsiyasının` materialları. No`kis, 1993, 31-33-betler.

15.Qudaybergenov M., Bashirov T. Qaraqalpaq tili antonimlerinin` qısqasha so`zligi. No`kis, 1995.

16. Qudaybergenov M. Qaraqalpaq tilinn` morfemikası. No`kis, «Qaraqalpaqstan», 2001.
17. Qıdırbaev A. Ha`zirgi qaraqalpaq tilindegi atlıq so`zler. No`kis, 1971.
18.Nasırov S.D., Dospanov O., Bekbergenov A., Saytov D. Qaraqalpaq a`debiyatı klassikleri shıg`armalarının` tili. No`kis, 1995.
19.Nasırov D.S. Prichastie i ego sintaksicheskie funktsii v karakalpakskom yazıke. Avtoref. kand. diss. M.,1954.
20. Nasırov D.S. Qaraqalpaq tilinde kelbetlik feyil. No`kis, 1964.
21. Patullaeva G. S. Qaraqalpaq tilindegi so`zlerdin` morfemalıq qurılısı. Tashkent, «Fan», 2007.
22. Raxmatullaev Sh. Hozirgi wzbek adabiy tili. Toshkent, «Universitet», 2006.
23. Saytov D. XVIII-XIX a`sirlerdegi qaraqalpaq shayırları shıg`armalarının` tili. No`kis, 1989.
24. Sayımbetov O. Xorezmidin` «Muxabbat-nama» a`debiy jazba esteliginin` tili ha`m onın` qaraqalpaq tiline qatnası. No`kis, «Bilim», 2013.
25. Umirqulov B. Poetik nutq leksikasi. Toshkent, 1994.
26. Ha`zirgi qaraqalpaq tili Morfologiya. No`kis, 1974.
27. Ha`zirgi qaraqalpaq tili  Morfologiya. No`kis, 1981.
28. Ha`zirgi qaraqalpaq a`debiy tilinin` grammatikası. So`z jasalıw ha`m morfologiya. No`kis, 1994.
29.Yusupova B.T. Stilisticheskoe ispol`zovanie prilagatel`nıx v xudojestvennom proizvedenii (na materialax proizvedeniy I.Yusupova). Avtoref. kand. diss., Nukus, 2001.

Misal aling`an kitap

Qaraqalpaq fol`klori Ko`p tomliq IV tom Qaraqalpaq naqil-maqallari. «Qaraqalpaqstan» baspasi, No`kis, 1978, 348 bet.